ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№219 (22.877) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 6, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрийрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ зопсалъэ

Медведев Дмитрий: Юрий Александр и къуэ, дэ фи дежь дыкъэкІуащ, хабзэ зэрыхъуам тету, Федерацэм и субъектэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хыхьэхэм я унафэщІхэр кърихьэлІэу, Кавказ Ищхьэрэ округым зегъэужьыныжьмкІэ Правительствэм и комиссэм и зэІущІэ едгъэкІуэкІын папщІэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, дэ республикэм и зыужьыкІэм дытепсэлъыхьын хуейщ.

Дэ дыдэущІыгъуу республикэ сымаджэщым дыщыІа къудейщ, абы оборудованэщІэм дыщепльащ. Икіэм-икІэжьым ар зэрагъэувар, лажьэу зэрыхуежьар хьарзынэщ, абы и фІыщІэкІэ цІыху гъащІэхэр хьума хьунущ. Атіэми ар япэкІэ зэи республикэм щымыІа оборудованэ лъэщщ. Ар зэрамыІэм къыхэкІыу, узыншагъэр хьумэныжьмкІэ министрым къызэрыджиІамкІэ, сымаджэхэр Астрахань е Москва кІуэн хуейти, абы нэмысу лІэхэр мащІэтэкъым. Иджыпрей оборудованэм Іэмал ьхьт щхьэкІуцІым хэІэбэну, лъытнтхуэхэм еІэзэну, эндоваскулярнэ хьхуаІэ операцэхэр ирагъэкІуэкІыну. А псори зэрызэтрагъэувар хьарзынэщ.

Ауэ, зэрыгурыІуэгъэщи, апхуэдэ медицинэ лъагэм кьызэрыгуэкІ медицинэрэ щыІгъун хуейщ икІи апхуэдэу щыщытпхъэщ республикэм и кьалащхьэ Налшык и мызакъуэу адрей щыпІэхэми. Къуажэ щыпІэхэм щыІэ медицинэм и Іэхэр сыт хуэдэ? Абыхэми щыпсэур ди цІыхухэщ икІи ахэр икІэщІыпІэкІэ центрым щынэмысыбф щыІэщ, фи щІыналъэр апхуэдизу мыинми. Зэрыщыту кьапщтэмэ, социальнэ Іэнатіэм сыт хуэдэ ехьулІэныгъэхэр е гугъуехьхэр щыІэ, псалъэм папщІэ, сабий садхэм я лъэныкъуэкІэ, республикэр кьэзылъахъэ нэгъуэщІ сыт хуэдэ гугъуехьхэр фиІа? Сынодаіуэ.

КІуэкІуэ Юрий: Дмитрий Анатолий и къуэ, сымаджэщыр, зэрыжьпІащи, Уэ езым плъэгъуащ. Къуажэ жьылагъуэхэм я гугъу пщІымэ, уи псалъэми кьызэрыхэщащи, нэхъыщхьэ - цІыхухэм, хэхауэ кьапщтэмэ, кьуажэдэсхэм, медицинэ дэІэпыкъунигъэ егъэгъэтынырщ. Ар нэсу кьыщыдэмыхъулІэ, кьыщыттехьэлъэ кьохьу, абы кьыхэкІыу узыншагъэр хьумэным и Іэнатіэм нэхъ эщІегугъупхьэ Іуэхухэм ящыщу ар дыззрыт илъэсым кьыхэдгъэщхьэхкІащ икІи нобэм ирихьэлІэу кьыдэхъуІаУэ жьпІэ хьунущ... Къуажэу пЛым - абыхэм бгылъэ щІыпІэхэм щыІэхэри тафэтесхэри яхэтщ - дэ фельдшер-акушер пунктхэр кьыщызэІутхащ, дыгъэгъазэм и 1-м нэсыху апхуэдэ Іуэхущапіэу иджыри 38-рэ щІын дыуэхьнущ. А фельдшер-акушер пунктхэр я инагъкІэ метр зэбгъуэзанатІэу 100 хуэдиз хуэІуэ аращ, зэщІэкъуащ, ахэр къызыхъуэтыщІэу дэ ди кьарухІэ доухуэри кьыззІудох.

Медведев Дмитрий: Хьарзынэщ цІыхум и Іьыр зэрызекІуэр кьыщапщы е мастэ гуэр щыхалъхьэн, нэгъуэщІу жьпІэмэ, щыІэзэрыгуэкІ медицинэ Іуэхутхьэбзэкэр щызэфІагъэкІын кьуажэм щыІэмэ.

КІуэкІуэ Юрий: Пэжщ. Инэжьпіэкіэ къапщтэмэ, а кьуажэ 40-м (нэхъ тэмэму жьпІэмэ - 43-м) апхуэдэ Іуэхущапіэхэр щыІакъым, ахэр иджы япэу дэ кьызэІутхуэу аращ. Ар цІыхухэми хьарзынэу кьащтэ...

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Кавказ Ищхьэрэр ефІэкІуэн папщІэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ зэІущІэ щригъэкІуэкІащ. Правительствэм Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм социально-экономикэ я лъэныкъуэкІэ зегъэужьынымкІэ и комиссэм и зэІущІэм щытепсэлъыхьащ хамэ къэралхэм кьрашу щыта ерыскъыхэкІхэм, нэгъуэщІ продукцэ лІэужьыгъуэхэм я пІэ Урысей Федерацэм, хэхауэ ди щІыналъэм кьыщыщІагъэкІахэр, игъэувэныжьмкІэ щыІэ Іэмалхэм.

● Къэрал Іуэху

ЗэІущІэр УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий ирегъэкІуэкІ.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ УФ-м и Премьер-министр **Медведев Дмитрий**. Абы хэтащ УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щІыналъэм щыІэ **Меликов Сергей**, Правительствэм и Унафэщым и хъэдэ **Хлопонин Александр**, УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іэхухэмкіэ и министр **Кузнецов Лев**, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр **Ливанов Дмитрий**, спортымкІэ министр **Мутко Виталий**, транспортымкІэ министр **Соколов Максим**, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр **Фёдоров Николай**, узыншагъэр хьумэныжьмкІэ министр **Скворцовэ Вероникэ**, нэгъуэщІ министерствэхэм, ведомствэхэм я унафэщІхэмрэ КИФШІ-м и хэгъуэгухэм я Іэтащхьэхэмрэ.

ЗэІущІэр кьыщызэІуихым Медведевым жиІащ Кавказ Ищхьэрэм и промышленнэ политикэм мыхьэ-мыгІэу зэрытепсэлъыхьаХэр, абы и зыужьыкІэ хъунур зэраубзыхуар икІи нобэкІэ Іуэхур зыІутір нэхъ пыухьІаУэ къаГъэлъэгъуэну къызэрыхуриджэр.

- Псоми ящІэ хамэ къэрал кьрашу щытахэр ди дежь кьыщыщІагъэкІхэмрэ щагъэкІэжьмкІэ зэхъуэкІыныжьмкІэ Кавказ Ищхьэрэм лъабжьэ быдэ зэрыщыІэр, а Іуэхур тэрэзу зэтедублэнымкІэ Кавказым мыхьэнэшхуэ зэриІэр, и экономикэ лъэкІыныгъэхэм зригъэужьу, лэжьапІэ Іэнатіэщхэр мэкъумэш хозяйствэми производствэми кьызэрыщызэІуихьхьынур, - жиІащ Правительствэм и Унафэщым. - Промышленностым и гугъу пщІымэ, КИФШІ-м и апхуэдэ Іуэхущапіэхэм пропсомкІи лажьэу щІадзэнымкІэ УФ-м и Правительствэр сыт щыгъуи сэбэн хъунущ.

Мыхьэнэшхуэ иІэу къызэлъытэ мэкъумэш Іэнатіэми. Псом хуэмыдэу абы зыщижьыпхъэщ Кавказым, щыІуэпскІэ бей щІыналъэм. А Іэмалхэр, шэч хэмылъу, къэдгъэсэбэпын хуейщ. Псом хуэмыдэу иджыпсту, нэхъапэм зи продукцэ куэд къытхуезыгъашэу щыта европэ къэралхэмрэ дэрэ зэпэІэщІэ дыщыхъуа лъэхъэнэм. Ди мэкъумэшыщІэхэм, нэгъуэщІхэм ящымыгугъуы, къэралыр дызрикъун гъавэ, хадэхэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр яГъэхьэзырын хуейщ, жызым гъэкІынымрэ Іэщ гъэхъунымрэ зеттыпхъэщ. А унэтІынигъэхэр Кавказ Ищхьэрэм, Ставрополь крайм я экономикэхэм дежкІэ Іэмал хъарзынэщ. Зи гугъу тщІы ерыскъыхэкІхэм ящыщу къэрал псом къыщрахьэлІэм я процент 6 - 14-м нэсщ Кавказым щагъэкІыр. Ар мащІэщ. Мыбы нэхъыбэу щагъэкІыр жызымращ, ари адрей щІыналъэхэм къызэрыщымыкІымі и фІыгъэкІэ, нэхъыбэу аращ.

Щ1ыналъэм щыщрахьэлІэжьым зэрыхэхъуэм хуэдабзэу, ахэр щахъумэ щІыпІэхэми зегъэубгъун хуейщ. Кавказым кьыщагъэкІерыскъыпхъэхэр Урысейм и цІыху нэхъыбэм я Іэнэм тельын хуэдэу зэтеублапхьэщ а Іуэхур. СызэрепльымкІэ, ахэр зэбгъэхъупІэну гугъукъым, дызэдэлажьэмэ, абы текІуэдэну мылъкур и чэзум хухэтхэщ. Абы и щыхьэтщ инвесторхэм мэкъумэш Іэнатіэм хуащІ хъуа гулъытэм зэрыхэхъуэри.

Псалъэм папщІэ, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм инвестицэ проектыщІэу 226-рэ ягъэхьащ, а псоми зэгъусэу сом мелард 21-рэ текІуэдэнущ. Кавказ Ищхьэрэр нобэкІэ кьапщтэмэ, абы и мэкъумэш Іэнатіэм инвестпроект 658-рэ щолажьэ, сом мелард 28-рэ субсидиеу хэлъу. Абы щыщу сом мелард 5,5-р кьыхуаутыпщащ. Іуэхущапіэ нэхъ жьыджрэхэр диІыгъын папщІэ, Правительствэм къэрал шэсыпІэ хэхахэр игъэуващ, проектхэр гъэзэщІа хъунымкІэ кредитхэр къэзыщтэхэм яридэІэпыкъуну.

Медведев Дмитрий и къэпсэльынымгъэм и кІэуху кьыхигъэщащ Кавказым щІыху куэд зэрыщыпсэур, кьыщалъхур зэрыкуэдыр, абы ипкъ иткІэ, гъэзэгущІэхэр ухуэнкІ, коммуникацэр щызэтеухуэнкІ япэ игъэщыпхъэхэм ящыщу зэрыщытыр. Абы ипкъ иткІэ, Кавказ Ищхьэрэм кьыщызэІуихэу гъэзэгущІэм кьызэхуэсахэр щигъэгъуэну Премьер-министрым псалъэ иритащ УФ-м транспортымкІэ и министр **Соколов Максим**. Абы жиІащ Осетие Ипщэмрэ Ищхьэрэмрэ зэпызыщІэ тоннельщІэ къызэрызІуахар. Абы и кІыхьагъар метр 3700-рэ мэхъу. Ди къэралым и тоннелхэм я нэхъ ин дыдэ хъуащ ар икІи гъэзэгуухуэным зэрызиужьыным и щыхьэт нэсщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо фольклор фестивалым хэтхэм

ЯХУЭГЪЭЗАУЭ

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» еплІанэ дунейпсо фольклор фестивалым хэтхэм республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІыкІэ си гуапэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм фІэхъус сэлам щывызох.

Фестивалым и мурадыр хэІэтыкІащ икІи лъапІэщ - ар дунейпсо щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьынымрэ гъэбыдэныкъэ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я фольклорым и ухуГъуэфІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэмкІэ зэхъуэжьным хуэгъэзащ. Абы хэтхэм я бжыгъэри ахэр кьызыдкІ щІыпІэри гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Урысейм щыщ гупхэм кьадэкІуэу, мы гъэм республикэм и утыкуэм я зэфІэкІыр щагъэлъэгъуэнущ Франджым, Италием, Индием, Израилым, Тыркум, Ираным, Иорданием, Белоруссием, Осетие Ипщэм я лІыкІуэхэм.

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» дунейпсо фестивалыр ЮНЕСКО-м фольклор фестивалхэм я дунейпсо махуэгъэпсым хигъэхьащ икІи абы къегъэлъагъуэ дунейм и щэнхабзэ утыку зэкъуэтым зегъэубгъунымкІэ а зэхьыхьм мыхьэнэ хэха зэриІэр. Шэч кьытесхьэркъым къэрал, континент зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьынымкІэ, лъэпкъ щэнхабзэхэр зыр адрейм зэрыпыщІар гъэбыдэныкъэ мы фестивалым Іуэхушхуэ зэрыдигъэкІынум, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысейм, я щэнхабзэ гъащІэм и Іуэху нэхъ дахэхэм ящыщ зэрыхъунум.

Фестивалым хэтхэм творческэ ехъулІэныгъэхэр яІэну, я гукъыдэжьр хэхъуэну, мы Іуэхур я гум дахэу кьинэну сохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Къафэхэр бзэ хуэныкъуэкъым

Республикэм щекІуэкІ «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо ІуэрыІуатэ фестивалыр Налшык и Музыкэ театрым щэкІуэгъуэм и 2-м къыщыдэІуахащ.

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэм кьадэкІуэу хамэ щІыпІэхэм кьикІа хьэщІэхэри куэду зэрызэхуэсар зэхьыхьэр езыгъэкІуэкІхэм кьалъытэри, кьрихьэлІаХэм бзиплІкІэ - урысибзэкІэ, адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ фІэхъус ирахащ. Абыхэм хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІ фестивалым хэтыну, я щэнхабзэ хьугъэфІыгъуэхэр, кьафэ гъуэзджэр ягъэльэгъуэну кьызэрытхуеблэгъаш папщІэ.

Фестивалым хэтыну Мысырым, Израилым, Индием, Ираным, Иорданием, Италием, Тыркум, Франджым, Белоруссием, Осетие Ипщэм кьикІа кьафакІуэ гупхэр «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и солист, хьэтиякІуэ **Дер Мухьэмэд** утыкум гуапэу кьригъэблэгъащ. Адыгэ фащэ зыщІгъ щІалэхэм кьэфакІуэ гупхэр чэзууэ утыкум кьрашащ, аэрэ зиІыкІуэ къэралыр зытет дамыгъэхэр яІыгъыу. Кьыхэгъэщыпхъэщ дунейпсо фестиваль зэхуэмыдэхэм мы кьэфакІуэхэр зэрыхэтар, зэпеуэ зыбжанэми пашэ зэрыщыхъуар.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и кьуэдзэ, республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Емуэ Нинэ** зэхьыхьэм кьрихьэлІахэмрэ хьэщІэхэмрэ фІэхъус гуапэ яриха нэужь, «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым хэтхэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зэрызахуигъаэ тхыгъэм кьахуеджащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Фестивалыр къызэІуах.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Щэкіуэгъуэм и 4-м ди къэралым щагъэлъапІэ псоми ди зэхуэдэ гуфІэгъуэгъэ - Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэр.

Урысейм и Гъащіэм ехьэлІа Іуэхугъуэ инхэр зыпыщІа а махуэщхуэм тхьдэм и дерсхэр дигу кьеГъэкІыж икІи хэкум и щхьэхуитныгъэмрэ зыми Іэщіэмыльу щытыныжьмрэ хьумэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр щІегъэбыдэ. Абы и нэгу кьыщІегъэхьэж кьэралыр фІыуэ лъагэуным, хуэпэжыным, лъэпкъ куэду зэхэт ди цІыхубэр зэкъуэтыным, хэкум и нобэмрэ пщэдеймрэ зыхуэдэнымкІэ тхьы жэуапыр кьэлэтыным хуэгъэзауэ лІэщІыгъуэ Іэджэ лъандэрэ кьыддекІуэкІ хабзэхэм я мыхьэнэр. Адэкіэ зыужьыныгъэм дыхуэхкІуэн папщІэ иджыпстуи нэхъыщхьэ дыдэр жылагъуэм я зэкъуэтыныгъэрщ. Дэ гукІи псэкІи дызэрызэкъуэтыр, дяпэ итахэм зауэм лэжьыгъэми кьыщахьэ текІуэныгъэхэм яхуэтщІ пщІэр дыхуэсакъуу тхьумэн, Хэкум фІыгъуэ иІэн папщІэ хьэлэлу дылажьэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм си гуапэу сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэ, фІыгъуэ яІэну.

Цыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм хуэгъэпсауэ ди республикэм кьыщызэрагъэпэща дауэдапщэхэм хэту, Абхъазым и утым щэкІуэгъуэм и 4-м пэкІу щекІуэкІащ.

ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭМРЭ мамырыгъэмрэ хуэгъэпса зэхьыхьэм кьУлыкъущІэхэр, политикэ партхэм я лІыкІуэхэр, КъБР-м и къэпкъэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэр хэтащ. Абы кьекІуэлІащ цІыху минищым щІигъу.

- Зэкъуэтыныгъэм нэхърэ нэхъ лъапІэ щыІэкъым. Ар ГъащІэ мамырым и лъабжьэ быдэщ, кьэкІуэнум и гъуэгущ, - жиІащ урысхэм я «Вече» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Канунников Анатолий**. Ар мащІэу кьытеувыІащ Минин, Пожарский, пщы Черкасский сымэ зэрахьа лІыгъэм, къэрал тхьдэм и напэкІуэцІхэм.

- Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ. Ди къэралым и къарур зыхэлъыр абы ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэрщ. Хэкупсэ гъэсэныгъэм мы зэманым хуэфащэ гулъытэ хуащІ хъужащ. Сыхуейщ ди ныбжьыщІэхэм я гум мамырыгъэ илъу, зэрызэкъуэтын хуейр кьагурыІуэу кьэтэджыну, - захуигъэзащ кьызэхуэсахэм балъкъэрэм я «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев Суфян**.

КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщыкъуэ ФатІимэт** кьыхигъэщащ махуэшхуэм и мыхьэнэр ягъэпэрыту зэрыщытыр.

- Ди къэралым и Профсоюз зэгухьэныгъэхэр зэкъуэтыныгъэм, зэхуэпэжыныгъэм я щапхъэу кьогъэгурыкІуэ, абыхэм цІыхубэр кьыхуриджэ зэпытщ. Зым жиІэр адрейм зэхихрэ ди зэхуакум пщІэрэ нэмысрэ дэлъмэ, ар зыужьыныгъэм и гуэргу пэжщ, - жиІащ абы.

Зэ1ущІэр ягъэдэхащ республикэм и артистхэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ

● Пэкіу

Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрийрэ КъБР-м и Iэмащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ зопсалъэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Медведев Дмитрий: IэщIагъэлIхэр ирикъуу щыIэ?

КIуэкIуэ Юрий: IэщIагъэлIхэр иджыпсту щыщIадзауэ поплъэ щыгъэгъазэм и 1-р къэсу а фельдшер-акушер пунктхэр къыщыдзэIутхуным, абы и лъэныкъуэкIэ гугуехь щыIэнукъым. Абыи къыщымынэу, «Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ дэ Iэщ1агъэлI нобжьыщIэхэр къыдогъблагъэ. Цыхуэхэм къагъэзэж, иджыпсту федеральнэ центрым и дзIэпыкъунагъэм и фIыщIэкIэ... Правительствэм ахъшэ бжьыгэ пыухыкIа къыутIыщащи, цIыхухэм я гуапэу къокIуэжи. Итланэ а фельдшер-акушер пунктхэм абыхэм Iэмал щаIэнущ... Унэ зимыIэхэр япэ зэманым щIэсын папщIэ пэш щхьэхуи абы хэтщ.

Медведев Дмитрий: Ар тэмэмщ, фельдшерыр нэху къыщекIын, уеблэмэ щыпсэун папщIэ.

КIуэкIуэ Юрий: Абы къыдэкIуэу, Дмитрий Анатолий и къуэ, иджыпсту дэ проект хэха диIэщ икIи абы мазэ зыбжанэкIэ делэжьащ «Урысейм и гъущI гъуэгухэр» зэгухьэныгъэм дригъуэсу. Иджы дыдэ, тхьэмахуэ блэкIам, дэ Iэ щIэддзащ абы теухуа зэгурыIуэныгъэм... Ди гъущI гъуэгу вокзалыр 1949 гъэм яухуауэ щытащ...

Медведев Дмитрий: НетIэ абыкIэ дыкъыблэкIыжащ.

КIуэкIуэ Юрий: Пэжщ, Уэри абы гу лъыптащ. Абы и инфраструктурэм, вокзалыр зэрыдзэкъуэм Iэмал къатыркъым шынагъуэншагъэ нэс къызэгъэпэщынымкIэ. Апхуэдэу урысейпсо транспорт инфраструктурэм хиубыдэу къагъэуэ кьалэнхэм езэгъыжыркъым. Абы къыхэкIыу, дэ къэтщта унафэр кьыдалыгъуаз, а вокзалыр кьалэм дыдох.

Медведев Дмитрий: ГъущI гъуэгу зэпыщIэныгъэхэр зэблэмыуну пIэрэ, а унафохэр игъэзащIэмэ? НэгъуэщIу жыпIэмэ, ар кьалэкъум кьыдэмыкъжьыну, нэгъуэщI унэтIныгъэ игъуэтыну ящащ.

КIуэкIуэ Юрий: Пэж дыдэщ. Ар Налшык къыдэмыкъуэ ящынущ. Абдеж станц щыIэщ Iэдиихуу поселкэм хуэзэу, хьэпшыпхэр щралъхьэн-щрахьн пщIантIэуи тIу щыIэщ, кран инхэр дэту, я льэщагъэм щыщу процент 15 хуэдизкIэ фIэкI къамыгъэсэбэпу.

Медведев Дмитрий: НэгъуэщIу жыпIэмэ, а щыпIэм ягъэIэпхъуэ хьунущ?

КIуэкIуэ Юрий: Хьунущ, икIи абы лэжьыгъэхэр хуиту щрагъэжIуэкIыфынущ.

Медведев Дмитрий: Мыпхуэдэу дызэвгурывгъаIуэ: фэ а Iуэхум «Урысейм и гъущI гъуэгухэм» ящыIгъуу фыхэплъа?

КIуэкIуэ Юрий: Дыхэплъащ.

Медведев Дмитрий: Апхуэдэу щытмэ, сэ иджыпсту транспортымкIэ министрыр къезджэнщи, абы кIэщIу дытепсэлъыхьынщ. Сабий садхэм я Iуэхури кьэIэт, сыту жыпIэмэ, абы зэрыщыту къэралым, псом хуэмыдэу Кавказым я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

КIуэкIуэ Юрий: Уэ а Iуэхум и гугъу щыпщIауэ щытащ комиссэм и иужьрей зэпущIэми. Иджыпсту ди деж щыIэ щытыкIэр сыт хуэдэ? ИпэжыпIэкIэ кьапщтэмэ, иджыпсту хьэзыру сабий саду тIу диIэщ, зым сабии 150-рэ, адрейм 200 щIэхуэну. Сабий саду блы дэ къыщыщIэудох Налшык, Прохладнэ, нэгъуэщI районищым. Араущи, дызэрыт илъэсым хуэдэу дыдлажьэмэ, илъэсиблым нэс си ныбжь сабийхэм я Iуэхур нэсу тхудэгъэкIынущ.

Медведев Дмитрий: Илъэсищым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс си ныбжьхэм я Iуэхури?

КIуэкIуэ Юрий: Илъэсищым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс си ныбжьхэм я Iуэхур кьыкIэпльыкIуэ гъэм кьриубыдэу, 2016 гъэм ирихьэлIэу нэсу зэрэдзагъэкIынущ.

Медведев Дмитрий: Ар хъарзынэщ.

Кавказ Ищхъэрэр ефIэкIуэн папщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

АдэкIэ КИФЩI-м хиубыдэ хэгъуэгуэхэм я Iуэху зыIутыр чэзууэ къаIуэтащ щыIналъэхэм я Iэтащхьэхэм. Япэу псалъэ зыратащ бысым щIынальэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**. Кьыззэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуиГэзэ нэужь, КIуэкIуэм жиIащ хамэ къэрал кьраш продукцэхэр ягъэкIуэн къащыщIащIгъэхIэхэмкIэ, щагъэкIэмкIэ зэхъуэкIыныр зэманым кьытхуигъэуэ кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, хьэрычэтыщIэхэм я IуэхущIафэхэм зиужьныныкIэ, лэжьапIэ Iэнатlэщ1эхэр кьызэIуихыныкIэ ар сэбэпышхуэ зэрыхъунур.

- Апхуэдэ Iэмалыфlэхэр псом хуэмыдэу кьаухуэкIыныщ фIагъ льагэ зиIэ, ди къэралым кьрамыгъашэ продукцэхэр къыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм, - жиIащ КIуэкIуэм. - Псалъэм папщIэ, «Севкаврентген» предприятэр кьапщтэмэ, медицинэм кьыщагъэсэбэп рентген Iэмэпсымэ льэщхэр хьарзынэу кьыщIегъэкI, Урысейм и рынокыр процент 20-кIэ егъэнщI. Абы нэхъри зрагъэужьын папщIэ инвестицэ проектитI игъэхъэзыркIэщ. Ахэр лажьэу хуежьэмэ, Урысейм узынишагъэр щрагъэфIакIуэ и Iуэхущ1апIэхэм щIэгъуэвэн томографхэр кьыщIигъэкIыфынущ, апхуэдэ дыдэуи нэгъуэщI аппарат льапIэхэри ищIыкIрыщ. Хамэ къэрал кьрашхэр иризэпхъуэкIыну узытемышыныхьыхьн Iэмэпсымэ гъуэзэджхэкр кьыщIегъэкI «Тэрчналмэс» ОАО-ми. Абы проектитI игъэхъэзыращ, и продукцэхэр игъэбэгъэн мурадкIэ.

Ди республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектхэм ящыщщ Тырныауз вольфрам комбинатыр. Абы продукцэ кьыщIигъэкIыныи и мызакъуэу, лэжьапIэ Iэнатlэ мин хуэдизэ кьыдитынущ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрыр зи ужь итхэм я гугъу щищIым, республикэм и Iэтащхьэм кьыхигъэщащ социальнэ, энергетикэ, транспорт Iэнатlэхэм зэрызрагъэужьыну щIэIэ Iэмалхэр. Псалъэм папщIэ, инвестицэ проектхэ нэхъыщхьэхэр кьыщирибжькIым, КIуэкIуэ Юрий кьытеувыIащ фейдэшхуэ кьызэпхIуэну проект 18, сом мелард 80 и уасэу, республикэм зэрыщыIалажьэр, ахэр зэтеуфла хьумэ, лэжьапIэ Iэнатlэ мин 11-м щIигъу кьызэрызэIуахыныр, налог хэхъуэр сом мелард 11,4-рэ зэрыхъунур.

- Хамэ хэрал кьраш продукцэхэр дыдейхэмкIэ зэхъуэкIа хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ республикэм и мэхъуэ Iэнатlэмэ, - кьыпищащ адэкIэ КIуэкIуэм. – Иджыпстукъ хадзэкIрэ пхъащхьэмыщхьэу ди республикэр зрикъун догъэкI, уеблэмэ Урысейм и нэгъуэщI зэхуэгъуэхэми идогъашэ. 2020 гъэм ирихьэлIэу валовэ продукцэр тонн мин 400-кIэ хэдгъэхъуну, хамэ къэрал кьрашхэр процент 20-м нэсу зэтхъуэкIыну ди мурадщ.

КIуэкIуэм кьыхигъэщащ фIэIугъэ продукцэкIи Кавказ Ищхъэрэм и хэгъуэгуэхэм диреспубликэрэзэрефIэкIыр. Дызэрыт илъэсым и блэкIа мазибгъум консерв заводхэм банкI мелуани 169-рэ кьыщIагъэкIащ, ар Урысей псом кьыщщIагъэкIам и процент 12,5-рэ мэхъу. Хамэ къэралхэм фIэIугъэхэр кьрамышыжмэ, ди республикэм Урысейм и адрей щIынальэхэм ялъигъэIэсыфынущ банкI мелуани 140-рэ. Ди Iэтащхьэм кьызэхуэсахэм яжриащ дызыкуэкIуэ илъэси 5-м экономикэм и Iэнатlэ псоми кьыщIагъэкI продукцэм куэдкIэ зэрыхэхъуэнур, Iэнатlэм зэрызиужьынур.

Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ **Абдулатипов Рэмзэн** кьытеувыIащ зи унафэщI республикэм 2018 гъэр хьэсыхьу промышленнэ производствэр хуэдитIрэ ныкъуакIэ игъэбэгъэну зэраубзыхуар, ноби а Iуэхумкlэ япэ итхэм зэращыщыр.

- Дэ завод инхэр диIэщ, - жиIащ Абдулатиповым. - Абыхэм ящыщ дзэпромышленнэ комплексэри. Ауэ ахэр я льэщагъэ псори кьагъэсэбэну лажьэркъым. КьищынэмыщIауэ, метр зэбгъэнатlэ мин 800 хуэдизэ нэщIу диIэщ производствэщIэхэр щыбухуэ хъуну.

Абдулатиповым Рэмзэн зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ «КЭМЗ», «Авиаагрегат», «Дагдизель» заводхэр нобэ зэрылажьэмрэ абыхэм зрагъэужьмэ, кьалэжьыфынумрэ. Iэтащхьэм кьыхигъэщащ хадзэкIыгъэ щахъыпэу ухуэныгъэхэмрэ логистикэ центрхэмрэ зэрахуримыкъур.

Ингушэ Республикэм и Iэтащхьэ **Евкуровым Юнус-Бек** хамэ къэрал кьраш продукцэр дыдейхэмкIэ зэхъуэкIыным хуэгъэпсауэ федеральнэ, республикэ программэ зыбжанэ я дежи кьыщIагъэсэбэпыр кьыхигъэщащ, апхуэдэуи инвестицэ, бюджет проект 28-рэ (сом мелард 20 и уасэу) зэрыщIалажьэр дыщIигъуащ. «Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэр токыр нэхъ мащIэу зыхь лампIэкр кьыщыщIагъэкI, электродвигатель щащI, ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэпхэр кьыщыщIагъэкI заводкэр ухуэныгъэ, фабрикэзэр кьызэIухынырщ, мэкъумэш Iэнатlэм фейдэ кьыту зэтеухуэнырщ. Мы гъэм и кIэм нэдгъэсынущ былым 800 зыщIэт, лы-гъэшхэкI кьыщалажь комплексыр, апхуэдэуи итальян технологиекIэ ягъэкI жыг хадэ зэдгъэпэщащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, санкцэхэм емылъытауэ, Италием щыщ инвесторхэр кьызэрыдэлажьэр, мы гъэм гектар 300-м жыгыщIэкэр зэрыкъэтсар», - жиIащ Евкуровым.

Ингушэ Республикэм и Iэтащхьэм Премьер-министрым зыхуигъэзащ Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзэда Къарухэм я техникэр щызэрагъэпэщыкъ базэ республикэм кьыщыщIэзIуахыным арэзы техъуэу кьадэIэпыкъуну.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ и хэгъэгуэм щылажьэ проектхэмрэ абыхэм зыкъуахьыну зыщыгугъ фейдэхэмрэ. Ахэр нэхъ ехьэлIащ промышленность псынщIэмрэ мэкъумэш Iэнатlэмрэ. Инвестпроект нэхъ инхэм ящыщу Темрезовым кьыхигъэщащ цым щелэжь, технологиещIэхэр зи лъабжьэ фабрикэр и кIэм зэрынагъэсэр, абы сом мелард 1,5-рэ зэрытекIуэдар. Темрезов Рашид тепсэлъыхьащ «Южный» агрокомбинатым и Iуэху зэрыдзкIым, Къэрэшей-Шэрджэсыр кьыззрацIыхуэ, флагым и дамыгъэр тету вакъэхэр ящIыну зэрамурадым, нэгъуэщIхэми.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Iэтащхьэ **Мамсуров Таймураз** кьызэхуэсахэм яжриащ зэIущIэр зытеуха Iуэхум ехьэлIауэ унэтIныныгъэ зыбжанэ я хэгъэгум хъарзынэу зэрыщIэзэрагъублэр. Псом япэр - агропромышленнэ комплексыщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ягъэнэхъыщхьэр хадзэкI, гъавапхъэ жьлэхэр гъэкIынырщ. Иджыпстукlэ нартыху жьлэхэм зратащ, апхуэдэуи кIэртIоф жьлэхэр гъэкIыними и ужь ихьэнчуд. Абы и лъэныкъуэкIэ иужьрей ильэсхэм Швециием долажьэ. Мамсуровым зэрыжиIэмкIэ, проектыр гъащIэм хэпща хъумэ, Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэр кIэртIоф жьлэкIэ кьыззрагъэпэщыфынущ. Лъахъэ яхуэхъунур кIэртIофыр зытрасыну щIыр кьаззремэщIэкIырщ, ауэ я гъунэгъу Ингушым гурыIуащ щIы Iэнэщ1хэм трыраГъэсэну. Осетинхэм бдзэжьей гъэхъунри хъарзынэу кьаззрехъулIэр кьыхигъэщащ Iэтащхьэм. Ардон куейм сом мелардитI зи уасэ проект щаутIыпщауэ щолажьэ, бдзэжьей кьуэлэн ягъэхъуу.

Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ **Кадыров Рамзан** зи унафэщI хэгъэгум и Iуэхур и гъунэгъуэм ейм зэрещкыр жиIащ, федеральнэ дзIэпыкъунырэ хэмыту экономикэ и лъэныкъуэкIэ щIынальэхэр лъэ быдэкIэ зэрымыыбыфынур кьыхигъэщащ.

Абы и ужькIэ Iэхэпсэльащ Ставрополь крайм и Iэтащхьэ **Владимиров Владимир**. Ар кьытеувыIащ иджыпсту нэхъыбэу зи ужь ит унэтIныныгъэхэм ящыщу мэкъумэш Iэнатlэмрэ дзэ-промышленнэ комплексымрэ щызэфIагъэкI Iуэхугъуэхэмрэ федеральнэ кьулыкъущIапIэхэм зэращыгугъынмрэ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэсакlэ и министр **Кузнецов Леврэ** мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Фёдоров Николайрэ** кьыхагъащащ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъуэгуэхэм щыщIэ щытыкIэр я нэ зэрыщIэтыр, зыужьныныгъэм и лъэбакъуэхэр уфэзыуауэ зэрыщытыр, Iэтащхьэхэмрэ министрхэмрэ зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Бюджетыщ1эм тепсэлъыхьынущ

«2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» законопроектыр КъБР-м и Парламентым кьыщыхалъхащ. Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIуущIэм зэрыщIащ щыжиIащ Бюджетымкlэ, налогхэмрэ финансхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Афэщ1агъуэ Михаил**. Абы кьыхэкIэщхьэхуащ республикэм и финанс документ нэхъыщхьэм и проектым минитреитхэм ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр кьрихьэлIэу Парламентым и комитетхэм зэрыщытепсэлъыхьыну. Республикэ бюджетым и проектыр зыхуэдэм, ар зэрыпхагъэкI щыкIэм ди цIыхухэр, прессэр щыгъуаззу щытын папщIэ, едэIуэныгъэ щхьэхуэхэр кьызэрагъэпэщынущ. Мис а псори зэфIэкIа нэужьщ законопроектым Парламентым и депутатхэр щытепсэлъыхьынур.

«2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» КъБР-м и законым и проектыр республикэм и Парламентым и официальнэ сайтым итщ.

Президиумым и зэIуущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ф1экIыныгъэ зиIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIынальэ фондым и бюджетым и Iуэхуэкlэ», «Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ и Iэнатlэм пыщIа зэхуэщытыкlэхэр зэблэгъэкIыным и Iуэхуэкlэ», «Муниципальнэ районхэм я лIыкIуэ органхэр кьызэрызэрагъэпэщ, муниципальнэ щIынальэхэм я Iэтащхьэгъэ щыхьэхэр кьызэрагъэпэщыфынущ. Лъахъэ яхуэхъунур кIэртIоф жьлэкIэ кьызэрагъэпэщыфынущ. Лъахъэ яхуэхъунур кIэртIофыр зытрасыну щIыр кьаззремэщIэкIырщ, ауэ я гъунэгъу Ингушым гурыIуащ щIы Iэнэщ1хэм трыраГъэсэну. Осетинхэм бдзэжьей гъэхъунри хъарзынэу кьаззрехъулIэр кьыхигъэщащ Iэтащхьэм. Ардон куейм сом мелардитI зи уасэ проект щаутIыпщауэ щолажьэ, бдзэжьей кьуэлэн ягъэхъуу.

Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ **Кадыров Рамзан** зи унафэщI хэгъэгум и Iуэхур и гъунэгъуэм ейм зэрещкыр жиIащ, федеральнэ дзIэпыкъунырэ хэмыту экономикэ и лъэныкъуэкIэ щIынальэхэр лъэ быдэкIэ зэрымыыбыфынур кьыхигъэщащ.

Абы и ужькIэ Iэхэпсэльащ Ставрополь крайм и Iэтащхьэ **Владимиров Владимир**. Ар кьытеувыIащ иджыпсту нэхъыбэу зи ужь ит унэтIныныгъэхэм ящыщу мэкъумэш Iэнатlэмрэ дзэ-промышленнэ комплексымрэ щызэфIагъэкI Iуэхугъуэхэмрэ федеральнэ кьулыкъущIапIэхэм зэращыгугъынмрэ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэсакlэ и министр **Кузнецов Леврэ** мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Фёдоров Николайрэ** кьыхагъащащ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъуэгуэхэм щыщIэ щытыкIэр я нэ зэрыщIэтыр, зыужьныныгъэм и лъэбакъуэхэр уфэзыуауэ зэрыщытыр, Iэтащхьэхэмрэ министрхэмрэ зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Путиным бжьыпэр иIыгъщ

Америкэм къыщыдэкI «Форбс» журналым илъэс къэс ирегъэкIуэкI дунейм пщIэ нэхъ щызиIэ политикхэр гъэнэIуэным хуэунэтIа къэпщытэныгъэхэр. Абыхэм щыIэпаIэт къэрал унафэщIхэм я Iуэхущ1афэхэр, абыхэм дуней псом щаIэ Iуныджыр.

Нэгъабэ абы бжьыпэр щиубыдауэ щытащ ди къэралым и Президент Путин Владимир. 2014 гъэм ирагъэкIуэкIа зэгъэпэщныгъэхэм кърикIуахэри хIуущIыу ящIащ дыгъуасэ. Абыхэм кьызэрагъэлъэгуамкIэ, мы гъэми Путиным япэ зыри ирагъэщырыкIым. Абы кIэлъыкIуэ США-м и Iэтащхьэ Обамэ Барак, ещанэ увыпIэм щытщ Китаим и унафэщI Цзинпин Си. ЕплIанэ увыпIэр Урымым и дин лэжьакIуэ Меркель Ангелэ сымэ ягъэзафэщащ.

Республикэ партым и текIуэныгъэ

США-м вэсэмахуэ щыхэхащ къэралым и Конгрессым зэтынухуэр. Ар хэхыныгъэхэм я зы Iыхьэу араш, ауэ абыхэми наIуэ къащIащ Унэ Хужьым унафэщIыщI Обамэ Барак и пщIэр хуабжьу зэрехуэхар.

Iэлэтым кърикIуахэр зэхэлъхьажьэм иджыри ящыкъым, ауэ, аналитикхэм къызэралытэжьащ, арыншэми гурыIуэгъуэщ республикэ партым бжьыпэр зэриубыдар. Иужьрей илъэсыйм апхуэдэ кьэхъуакъым. Демократие партым и лIыкIуэхэм зэхьиныгъэхэр кьызэрамыкьар зи зэранар абы и пашэ Обамэгу я кьалъытэ - къэралым щыпсэухэм я нэхъыбэапIэм абы дзыхь зэрыхуамыщIыжырщ, иригъэкIуэкI политикэм фIы кьызэрыдэмыкIуэр кIуэ пэтми нэхъ нэрылъагъу зэрыхурщ, а псомкIи цIыхубэр зэрымыарзэрыщ.

Ди гукъыдэжым хэмыщIын щхьэкIэ

Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм цIыхум и Iэпкъ-лъэпкъыр нэхъ щIолIэ, ар псынщIэу йоэзш, лэжьыгъэми игу хьыхьэркъым. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, ар къызыхэкIыр дуней уфар цIыхум и псантхъэм зэрытетуальхьэрщ, и гукъыдэжыр зэрыриудыхырщ.

А псоми уаэзрипэльэщын Iэмалхэм ящыщу щIэныгъэлIхэм къальытэ ерыскъы зэмылIэужьыныгъэхэр. Абыхэм ящыщщ бдзэжьейр, хадзэкI, пхъащхьэмыщхьэ щхъуэкIэпплъыкIэхэр. Жэгундэ, пхъы, шыбжий, тIамы (апельсин), банан, апхуэдэ нэгъуэщI ерыскъы «плъыфэбзэкр» ди Iэнэкъм тепльныр дзрэжэгъуэм и хэкIыпIэу жаIэ дохутырхэми.

КъимыдэкIэ, джэд лэпсым, зэнтхъым, тхъуийм къыхэщIыкIа ерыскъыгъуэхэр, тенджыкъэм кьыщыкI къэбыстэр, дзр, шоколадыр, кхъуейр, джэдыкIэр ди Iэнэм нэхъыбэрэ кьытехьэмэ, ди гукъыдэжым хэмыщIу щIымахуэр итхыфынущ жаIэ щIэныгъэлIхэм.

НОБЭ

♦**ФIагъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Тэтэрстан Республикэм и конституцым и махуэщ**

♦**Таджикистан Республикэм и конституцым и махуэщ**

♦1731 гъэм Урысейм и Министрхэм я Кабинет кьыззрагъэпэщащ. Абы хагъэхьат адыгэпэщ **Черкасский Алексей**.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист **ПащIэ Ахьмэд** кьызэрагъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШIДА-м и академик **Быж Зарэ** кьыщащIахуэ махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пшэр текъэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусиу 8 - 12, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Къафэхэр бзэ хуэныкъуэкъым



(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Пшыхьым кьыщIипсэльащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гурьянов Юрий**, Франджым и лIыкIуэ **Шинетвари Иозеф**, Венгриеи щыщ журналист **Лукач Чабэ**, Тыркум кьикIахэу **Тугсавуз Савашрэ Улу Алийрэ**. Щэнхабзэм и илъэсым кьиурыбыдэу фестиваль щхьэпэр кьызэзыгъэпэщащэм фIыщIэ хуащIащ абыхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр мы зэхьыхьэм зэрыхэтым зэрыщыгуфIыкIыр, щIыналъэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ хъуну, гуфIэгъуэ, зыужьныныгъэ мы зэхуэсдахэм къахуэдэIуэну зэрагъуатэр жаIащ.

ГъэщIэгъэунэт, щIэщыгъуэт лъэпкъ хьафэхэм, фащэхэм я дахагъэм укIэльыпIлъыну. КъыпхуэмыIуэтэну удэзыльхэт дэтхэнэ зы лъэпкъми и къафэкIэр. Мыбдежым щызыхэпщIэрт къафэр бзэ зэрыхуэмыныкъуэр. Ди республикэм и уэрэджыIакIуэ, къафэкIуэ цIэрыIуэхэми фестивалыр ягъэбжьыфIащ. Абы хэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ, «Балкарие» къэрал Iуэрыдуэтэ-этнографие, уэрэдыр зэрыщIэкIэ «Тэрч къэзакъэр», «Нал цIыкIу» сабий ансамблхэр.

Зэхъыьхэм зыкъыщызыгъэльэгъуэ псори зэгъуэгу уджэзш къэфащ пшыхьым и кIэухым.

ПщэкIуэгъуэм и 3-м Iуэхум щыпащащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Фестивалым и хьэщIэхэмрэ университетым и творческэ гупхэмрэ махуэшхуэ концерт еджапIэм щатащ. КъБКъУ-м щекIуэкIа «Дунейпсо тхыпхъэхэр» зэхьыхьэр нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIа къэфакIуэхэм гукъинэж зэращыхъуар жаIащ. Лъэпкъ фащэхэр кьызэрежьам, абыхэм нэхъапэм яIа мыхьэнэмрэ нобэ кьызэрагъэсэбэпымрэ ятеухуауэ хьэщIэхэр зэрагъэдэIуахэр, декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшыпхэр ягу дыхьащ. Апхуэдэу яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ адыгэхэм, балъкъэрхэм кьадекIуэкI хабзэ дахэхэм ящыщу зрагъэпльа Iыхьэхэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэм я гъэлъэгуэныгъэр.

Фестивалым и хьэщIэхэр щыпхьэщхьэм хэтащ республикэм Лъэпкъ, СурэтышI гъуазджэхэмкIэ и музейхэм япэу кьыщызэрагъэпэща «Гъуазджэхэм я жэщ» урысейпсо Iуэхум.

ПщэкIуэгъуэм и 4-м фестивалым хэтхэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгуащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ. ЩIыналъэхэм зэныбжьэгъуагъэм и концертхэр щатащ. ХьэщIэхэр республикэм и районхэм щыгъу-пIастэкIэ ирагъэблагъэри, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ди лъэпкъ щыныгъуэхэр зытет Iэнэ берычэт кьыхуагъэуващ. Бысымхэмрэ хьащIэхэмрэ абдеж нэхъ гъунэгъуу щызэрыIыхуащ, я щыIэкIэ-псэукIэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, гуфIэджэныгъэм, спортым, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми ятеухуауэ зэпсэльащ, я уэрэдхэмрэ кьафэхэмрэ ярэзэзыщIащ. Абыхэм зыщагъэпIалъхьащ республикэм и къалэхэмрэ кьуэдэжьэхэмрэ щыIэ щхьэхэм, курыт еджапIэхэм, ПщэнхабзэмкIэ унэхэм.

Дунейм и лъэпкъ куэдым я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрытеуха ятеухуауэ щытыкIэхэр гукъинэжу екIуэкIащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Кулиев Къайсын ягу къагъэкIыж

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугъэтхэм, Лениным и цIэр зезыхьэ саугъэтым я лауреат Кулиев Къайсын къыззэралъхурэ илъэс 97-рэ зэрырикъур щэнхуагъуэм и 1-м ягъэращ. УсакIуэм и фэеплъым деж щызэхуэсащ абы и творчествэм дихьэххэр икIи удз гъэгъахэр тралъхьащ.

КъЫЗЗХУЭСАХЭМ яхэтт усакIуэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, курыт еджапIэхэм щIэсхэр, и усэхэр фIыуэ зыльIагъуэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ, республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Емуз Нинэ** жиIащ Кулиевыр цIыхубэм ягу зэримыхыр, абы и фэеплъыр нэщI зэрымыхьыр, усакIуэр кьыщалъхуа, дунейм щехьажа махуэхэм деж цIыхушхуэ абдеж зэрыщIэзэхуэсыр гуапэ зэрыщIэхыр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ Къайсын и усэхэмкIэ ди республикэр дуней псом кьызэрыригъэщIыхуар, и тхыльхэр цIыхубэм зэрагъэгъуар, Хохур, цIыхухэр фIыуэ зыльIагъуу щыта усакIуэм и ГъащIэр щIэблэм зэращапхъэр.

КъБР-м цIыхум и хуитныгъэхэр хъумэныкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борисрэ** философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихьрэ** жаIащ Къайсын, гъащIэм гугъуехь куэд щилъэгъуами, пщIэрэ нэмысрэ зыхэлъ цIыху пэжу дунейм зэрытетар, усакIуэм зэрыригушхуэр, ар зэи цIыхухэм яку зэримыхнур, абы и Iэдакъэщ1кIэкр бзэ куэдкIэ зэрызэрадзэкIар, Хохум и дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыхуагъэфащар.

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Созаев Ахъмэт** и псальэм кьыкIигъащащ зи усэхэмкIэ гуапагъэм, цIыхухэр фIыуэ лъагъуным ухуэзыуэщI Кулиев Къайсын зыцIыхуу щыта дэтхэнэмри а и ныбжьэгъу, и егъэджакIуэу кьиулъытэ зэрыхъунур. Созаевым зэрыжиIамкIэ, ар усакIуэ зэчиифIэу зэрыщытам и мызакъуэу, псэ зыIуту дунейм тету хъуар фIыуэ зэрильагъуну, зэрыщIыху гуапэм псори диихьэхырт.

ЦIыхубэ усакIуэр щагъэльэпIащ ар къыщалъхуа Шэджэм щIыналъэмии. Шэджэм кьалэн дэт и фэеплъ-музейм дек а махуэм пэкIу щекIуэкIащ. Аращ Къайсын и иужьрей махуэхэр щигъэкIуар. Музейм щахьумэ цIыхубэ усакIуэм къыщIэна щыгъынхэр, тхылъхэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр. КъырихьэлIахэм абы зыщапIыхьащ, усакIуэм и гъащIэмрэ и гущIэмрэ тепсэлъыхьащ, Кулиевым и усэхэм кьеджащ.

Шэджэм районым щыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и унафэщI **Уэдыжь Хьэсаншэ** унэ-музейм и унафэщI **Кулиевэ ФатIимэрэ** дуней псом кьыщащIыхуа усакIуэр ягу къагъэкIыжыну кьрихьэлIахэм фIыщIэ хуащIащ.

БЖЬЫХЬЭЛI Роза.

Сурэтыр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Къырымырэ Кавказымрэ зэпищIэнущ

● Къырым

ЩIыпIэр къапщытэ

Керчь псыдзжьпIэм лъэмыж телъхьэн зэрыхуейм тепсэлъыхьын щIадзэжащ Къырымыр Урысейм къыгухьэжа иужь. Украинэм и щIыналъэм укIуэцIкIыу хьтIыгуныкъуэм укIуэ хъужыркъым. А гъэзэуанэр къэухьлъатэкIэ зэпачынуи цIыхухэм я нэхъыбапIэр мэшынэ. IуфитIыр зэпызыщIэ брамхэр а лэжьыгъэм пэлъэщыжыркъым. Абы кIыхькIыу мурад ящIащ 2018 гъэм ирихьэлIэу лъэныкъуитIкIэ кIуэ гъущI гъэзу, автомобиль гъэзу зыхэтыну лъэмыж тралъхьэну.

Мы зэманым IэщiагъэлIэхэм щIыпIэр къапщытэ: тесы щIагъым щIэлъынкIэ хъунущ Хэку зауэшхэм и зэман лъандэрэ къэмыуа лагъыжкэ. Мыгувэу щIыми лэжьыгъэхэм щыщIадзэнущ. Псори зэжэту уэхунысгъэм сом мелард 228,3-рэ текIуэдзнущ.

Къырымым щыпсэуэхэр апхуэдизу зыщIэхъуэпсу лъэмыжыр кIыхьзэрыщIэкIымкIэ, зэгуэр псыдзжьпIэм тельащ. Ар зэрытралъхьари зэкъым.

Ялэ ищри…

Керчь псыдзжьпIэм лъэмыж тралъхьэну ялэу яужь ихьар нэмыцхэущ.

Хэку зауэшхэм и зэманым Гитлер и мурадащ Кавказым и щIыдагъэ къыщIэшыпIэхэр ирибыдыну, абы кIыхькIыу техникэр зэрирыбжжьэм я хэщIыныгъэхэр япшыныжьын щIыхуейр?

Сыт Хрущевым и бюджетыр кьыщIэхъуэ щIэблэм, ветеранхэм яй мыхъуу, «оршоор аристократие» щыкIауэ нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIыуэр унафэ кьытхуэзыщIхэм я страховой фонду увын щIыхуейр?

Аращ, Украинэм лъапсэ е Болгариием студие щызимыIэ цIыху кьызэрыгуэкIэхэрщ къэралыр кьызыщхъэщыжьын хуейр. Ауэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ къулейм ихъ жэуапIныгъэри нэхъ инын хуейщ, кьызэрыгуэкIын нэхъ?. Къэралыр иужьрейхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъун хуейщ. АрщхьэкIэ къэралыр хуиткъым жылагъуэм и жыпи иIэбэну. А жьыпир зыхуэхар нэгъуэщIхэрщ.

НэгъуэщI къэралхэм мыпкъушхуэ щызиIэ «оршоор аристократием» ахъшэ етыным теухуа Iэхуым япэщIыкIэ теукIытыхьащ, уеблэмэ Медведевым и правительствэри. Думэм хэтхэр ядэIэпыкъуну къыщIэкIынущ «я Iэхуу гъэри зыхэмыльъ» я Iыхьлыхэм. Псалъэм и жьэтыркIэ, Думэм и комитетхэм ящIащ зым и унафэщым и щхьэгъусэу Германием мыльку щызеезыгъакIуэм. Напэр-щэ?

ДЕЛЯГИН Михаил,
Глобализацэм ехьалIа Iуэхуэхмкlэ институтым и унафэщI.

Хэт тхъэжыр?

● Улахуэхэр

Урысейм нэхъри щызэщхьэщокI къулейсыз дыдэхэмрэ къулейхэмрэ

Президентым нэгьабэ къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ фокIадэм и 1-м куэдкIэ хэхъуащ УФ-м къэрал къулыкъу щхьэхуэхэр щызыIыгъэм ират ахъшэм. Зи гугъу тщIыр федеральнэ министрэхэщ. Абыхэм хуагьадэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ Федерацэмкlэ Советым хэтхэмрэ: Йщхьэрэ палатэм щыжаIакIэзэщ зэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу улахуэщIэхэр зэраIэрыхьар. Иджы властыр зыIэщIэлъхэм урысей кьызэрыгуэкIхэм нэхърэ зы мазэм сом мини 170-200-кIэ нэхъыбэ яIэрохьэ.

КъУЛЫКЪУЩIЭ псоми (зэрыщыту мелуан 1,6-м ноблагъэ) ящыщу ищхьэкIэ щыIэхэр куэд хуэдэкъым. Ауэ абыхэм я улахуэхэм 2013 гъэм и мазае лъандэрэ иджы етIуанэ хагъахьуэ (абы щыгъуэм дэ дыхущIэкъуауэ щытащ а улахуэхэм я кьыхэкIыпIэ зэхэгъэзэрыхьахэр кьэтхутэну).

2012 - 2013 гъэхэм указ щхьэхуэхэмкIэ зыкъомкIэ кьаIэтауэ щытащ федеральнэ Iуэхущ Iапlэхэм кьулыкъуэхэр щызыIыгъхэм я лэжьапIущIэхэр: УФ-м и Президентым и администрацэмрэ Правительствэм и Аппаратымрэ я лэжьакIуэхэм ейр. Арщхьэкlэ Къэрал Думэм и аппаратэм щылажьэхэр хилъэфащ - абыхэм улахуэхэр зэрытрагъашэр кьащхьэщокI мыдрейхэр ахъшэкIэ зэракудэ щыкIэм, псалъэм и хьэтыркIэ, министрхэм я къудзэхэмрэ ищIагъкIэ щыIэхэмрэ зэрыхуагъэувым.

Арщхьэкlэ министрхэм я къудзэхэм, департаментхэм я унафэщIхэм, нэгъуэщIхэм ахъшэу я IэрыкIхэр зыхуэщIэплъытэну тыншкъым. Къэрал кьулыкъмкIэ законым, псалъэм и хьэтыркIэ, кьыщыгъэлъэгъуащ мыхьэнэ щхьэхуэ зиIэ лэжьыгъэ гугъуэхэр зэрагъэзэщIам пэкIуэу ягат сеанчыгъэхэм мардэ ямыIэу. Арщхьэкlэ «мыхьэнэ щхьэхуэ зиIэ лэжьыгъэ гугъуэхэр» зыхуэдэр уэ кьащIэ...

- 2014 гъэм кьулыкъущIэ кьызэрыгуэкIхэм я улахуэхэми зыкъом хущIагъуну я мурадщ, - жеIэ Экономикэмкlэ школ нэхъыщIхьэм Къэрал кьулыкъум зегьэужьыныжьмкIэ и кьудамэм и унафэщI Клищ Николай. - Арщхьэкlэ абыхэм я улахуэхэм зэкIэ куэд хагъахьуэрхьм (ахэр кьулыкъущIэ псоми я процент 97-рэ мэхъу). ЩытыкIэр щынэхъ хьэлъэщ федеральнэ Iэхуущ Iапlэхэм я щыналъэ кьудамэхэм. Абыхэм я лэжьакIуэхэм псори зэхэту хущIагъур зэрыхьур зы мазэм сом мин 30-м нэблагъэ кьудейщ».

Финансхэмкlэ министерствэм гъэмахуэм кьиргъэгугъуэу щытащ 2015 - 2017 гъэхэм къэрал кьулыкъущIэхэр гъэпсэжным лейуэ сом мелард 380-рэ тригъэкIуэдэну - дэтхэнэ кьулыкъущIэми зы мазэм сом минипщI лейуэ хуэзэу. Зэрытлъагъущи, ищхьэкIэ щыIэхэм я кIэн кьикIащ. ФокIадэм хуабжьу екъуIащ депутатхэр. Езы депутатхэми щIыхуэ кьызытранэркъым - къэралым партхэм (зэрыгурыуIэгъущи, депутатхэм я нэфI зыщIыхуэхэм) яхуиутIыпщ ахъшэм хуэдитIкIэ зиIэтащ. Абы щыгъуэми, урысей кьызэрыгуэкIэм хухаГъахьуэ мащIэ дыдэр инфляцэм жьэдепльафэ.

ФокIадэр къэсын и пэкIэ «Левадацентр»-р цIыхухэм евупIащ: «Ди жылагъуэм кьыпIуэн кьалэн нэхъ гугъу дыдэу къэфлъытэр дэтхэнэра?» Процент 30-м жэуап кьатыжащ: «Къулейхэмрэ кьулейсызхэмрэ псынщIэу зэрызэщхьэщыкIырщ». Ахэр хэхъуэхэр захуагъэ хэлъу зэрытрамыгуашэм тегущыжьыну кьыщIэкIащ. Псом хуэмыдэу уасэхэм зэрыхэкIыпIэ, щыхуэкъуфакIэрэ зэрыхьум. Сэ сызэрепльымкIэ, а псори зы кьуэпскIэ зэрыщIащ.

КОЛЕСНИЧЕНКЭ Александр.
«Аргументы и факты»

Аргуэру ди жылым къоIэбэ

● Мылъку

Къэрал Думэм хэтхэр арэзы техъуащ нэгъуэщI къэралхэм щыIэ мылъкур «кабзэншагъэкIэ» зыфIаубыдакэм ягъуэта хэщIныгъэр бюджетым кьыхахыну хуапщыныжьым теухуа законопроектым. Ауэ сыт шахтерым, жэмышым, егъэджакIуэм, дохутырым езыхэм я кьурах ахъшэр, узынщагъэр хъумэным е егъэджэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэныр мыхъуу, цIыху мыкъулейсызхэм ягъуэта хэщIныгъэр хуапшыныжьым трагъэкIуэдэн щIыхуейр?

ЗЭГУЭР Жириновский Владимир зыкьыскхуигъэгуСауэ щытащ Къэрал Думэр «зи щхьэр щIихьа принтерхэм» я зэхуэсыпIэ хуЪуауэ зэрыжьыСлам щхьэкIэ. Зызоумысыжьы сызэрымызэхуамкIэ. Сыт щхьэкIэ жьипIэмэ, «зи щхьэр щIихьа принтерхэм» бюджетым кьалэн щащIынтэкъым нэгъуэщI къэрал судхэм хабзэншагъэкIэ кьащта унафэхэм я зэранкIэ яГъуэта хэщIныгъэхэр ипшыныжьыну. Абы щыгъуэми, ищхьэрэ палатэм Конституцэ законодательствэмрэ къэрал ухуэныгъэмкIэ и комитетым чэнджэщ кьаритащ а законыр япэ едэжгъэжкIэ кьащтэну.

Фигу кьэзгъэкIыжынщи, бюджетыр депутатхэм я уней мылькукъым, атIэ цIыхубэм я ахъшащ. Ар трагъэкIуэдэн хуейщ кьэрал псор зыхуэныкъуэхэм: егъэджэныгъэ Iэнатlэм, узынщагъэр хъумэным, зыхъумэжныгъэм, цIыхухэм псэуныгъэкIэ защIэгъэкъуэным. Ауэ зызыщIагъэкъуэн хуейр кьулейхэрэкъым, атIэ кьулейсызэрщ: зыхуей ягъэту мыпсэуфэрщ.

НэгъуэщI къэралхэм я судхэм хабзэншагъэ хэлъу кьащта унафэхэм хилъафэр цIыху хущIахэрщ. Урысейхэм я процент 71-м гъэтIылъыгъэ яIэкъым («Жылагъуэ Iуэху еплъыкIэ» фондым кьитахэм ятепщIыхьмэ) икIи зыри яДIэкIуэдыркъым. АтIэ сыт зи хэхъуэр упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу узыхуейм хуэдизи мыхъу цIыху мелуан 18,9-м зи мылъкуу губзыгъэу зезымыгъэкIуэф меларды-рыбжжьэм я хэщIныгъэхэр япшыныжьын цIыхуейр?

Сыт Хрущевым и бюджетыр кьытщIэхъуэ щIэблэм, ветеранхэм яй мыхъуу, «оршоор аристократие» щыкIауэ нэгъуэщI щIыналъэхэм я страховой фонду увын щIыхуейр?

Аращ, Украинэм лъапсэ е Болгариием студие щызимыIэ цIыху кьызэрыгуэкIэхэрщ къэралыр кьызыщхьэщыжьын хуейр. Ауэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ къулейм ихъ жэуапIныгъэри нэхъ инын хуейщ, кьызэрыгуэкIын нэхъ?. Къэралыр иужьрейхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъун хуейщ. Арщхьэкlэ къэралыр хуиткъым жылагъуэм и жыпи иIэбэну. А жьыпир зыхуэхар нэгъуэщIхэрщ.

НэгъуэщI къэралхэм мылькушхуэ щызиIэ «оршоор аристократием» ахъшэ етыным теухуа Iэхуум япэщIыкIэ теукIытыхьащ, уеблэмэ Медведевым и правительствэри. Думэм хэтхэр ядэIэпыкъуну кьыщIэкIынущ «я Iэхуу гъэри зыхэмыльъ» я Iыхьлыхэм. Псалъэм и жьэтыркIэ, Думэм и комитетхэм ящIащ зым и унафэщым и щхьэгъусэу Германием мылъку щызеезыгъакIуэм. Напэр-щэ?

ДЕЛЯГИН Михаил,
Глобализацэм ехьалIа Iуэхуэхмкlэ институтым и унафэщI.

● Ди гъунэгъуэхэм я деж

Губжьыр иджыри ужьыхакъым

Къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIа иужь, Минеральные Воды къалэм и полицэм и къэрэгъуэ-плъыр Iэнатlэм и нарядпсо хабзэхъуэм Iэнатlэм пэрагъэкIащ. Ахэр я кьалэнхэр яГъэзэщIэным егупчъуакъым.

ИДЖЫ тхъэмахуэ зэхуакуитI хьуауэ курорт къалэ цIыкIэм къыщIухьуам прессэр топсэльыхь. Бзаджэнаджэ гупым сымаджэщым щIалэщIэ зэрыщIаукIыкIэхэр къалэр зэрызохьэ. Абы и уэрамхэм цIыхухэр къыдохьэ щIэпхъаджащIэхэм яхуэфащэ тезыр тралъхьэну къаГъэуву, апщIондэхукIэ кьулыкъущIэ гуэрхэм я Iэнатlэр ябгьнэн хуей мэхъу.

Москвадэс ныжьыщIэ Ларионов Анатолий Минводхэм кIуэжат, и адэ-анэм я бзе щцыхьщIэну. Фокlадэм и 20-м и пщыхьэщхьэм абы мурад ищIащ я ныжьжьгъуэр и гъусэу къалэм дэт «Евгения» кафем зыщиГъэпсэкуну. Гъунэгъу Iэнэм бгъэдэст Минеральные Воды и район атаман Смирнов Евгений, Железноводск къалэ гъунэгъум и Iэтащхьэм и ягъэ къуэдзэ Бондаренкэ Николай, гъжьапIэнIэу ятха, ауэ хьэжьваькъжьышхэм я деж пщIэ щызиIэ Цаканян Андраник. Абыхэм ябгъэдыхьэри, Ларионовым и ныжьжьгъу Савченкэ Роман Андраникиным елъэIуащ бжьэ кьыдиIэтыну. Арщхьэкlэ зэгурыIуакъым. Зэзэуахэщ, ауэ ар псынщIэу зыгуэрыIуэ и гъусэу Ларионовым Савченкэ район сымаджэщым ишащ - иужьрейм и щхьэр зэгуэудат. Зэрынэсу Савченкэ кьыщIэхутащ хирургыр щылажьэ пшам. Ларионовымрэ и ныжьжьгъуэрэ абы пэпльэрт, кIэльндорым тесу. Абы хэту сымаджэщым и бжэIупэм кьыIуIэщащ автомобиль зыбжанэ. Абыхэм кьикIа щIалэ Iэчльэчхэу щэщIым щIигъуэ, чэф зыгъуэта Цаканян я пашэу, сымаджэщыр щIащыкIащ, зыкуэзэр ираду: Ларионовым и ныжьжьгъуэр, зы медицинэ лэжьакIуэ нубзэрэжьащ, итIанэ езы Ларионоври къагъуэтащ...

Зи щхьэм удыныщхьэхэр техуа Ларионовыр тIеу отпасэ яща иужь, зыкъимыщIэжу сымаджэщым щIэлIыхьащ фокlадэм и 29-м и жэщым. МахуитI и пэкIэ зыгуэрым Интернетым ирилъхьат гущIэгъуншагъэмрэ гудзакъэншагъэмрэ щыхьэт техъуэ телефонкIэ траха теплъэгъуэр. Кьалэр зэщIэвуащ, бжьэIуо кьэпщIам хуэдэу. Анатолий и хьэдэщIэлъхьэм хэтащ щыхуу 500-м щIигъу. Полицэр щIэпхъаджагъэ щалэжьа щIыпIэм щынэсар и ныжьжьгъуэр и гъусэу Цаканян лъэныкъуэ зригъэза иужьщ. Ятеуахэм ящыщ язынныкъуэхэр, езы Цаканян яхэту, яубыдащ. Сом щитху-щитху кьуэдыуэ тралъхьэри яутIыпщыжати, Цаканян псынщIэу зигъэбзэкащ. ГъущIэгъунэщ, ауэ губжьауэ зэхуэс цIыхухэр япэщIыкIэ зэтезыIуIафIэу щытар... атаман Смирнов Евгенийщ. Иужьыкъ ар мазитIкIэ щысынлъ лъэхъуэщым щIадзащ, шэч зыгъэпсэфыну. Иджы чэзур зэрыкъалэ думэм и депутатхэрщ.

БРЕЖИЦКАЯ Еленэ.
«Российская газета»

● Iуэху еплъыкIэ

ЕгъэджакIуэр зэрынэхъыщхьэр фымыщIэу ара?

Путин Владимир и къэпсэльэныгъэхэм ящыщ зым иджыблагъэ кьыхигъэщащ дохутырхэм, дэ кьулыкъум пэрытхэм дэщIыгъуу егъэджакIуэри IэщIагъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кьызэрыльытапхьэр. Ауэ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ IэщIагъэ зэрыпэрытыр зыхащIэу пIэрэ езы егъэджакIуэхэм?

СЭ СЫЗЭРЕПЛЪЫМКIЭ, егъэджакIуэхэр къэралым дежкIэ зэрыльапIэр кьащIыгурыIуэнур я лэжьыгъэм хуэфащэ улахуэ кьрату щIадза иужьщ. ЗэкIэ дэ кьыдатым и Iыхьэ нэхъыщхьэр сом миниблым кьриубыдэу аращ. Кьалэдэсыр къэгъэнаУэ, къуажьэдэсри псэуфынукъым абыкIэ. Я ахъшэ кIапитI зэтрагъэхуэн папщIэ, сэ си лэжьэгъуэхэм IэнатIитI зэдахьын хуей мэхъу. ИтIани, улахуэм дыщIагъэжьын хуей псори хэту сом мин 16 - 17-рщ кьабзэу кьаIэрыхьэр.

Апхуэдэ щытыкIэм ит егъэджакIуэр зэгупсысыр сабийхэм щIэныгъэ нэхъыбэ зэрабгъадилъхьэнракъым, атIэ пщэдей и бынхэм иригъэщхьнымрэ зэрихуэпэнымрэщ. Хадэмрэ губгъуэмрэщ дэ дыкъезыгъэлыр, ауэ абыи зэман тебгъэкIуэдэн хуейкъэ? Сытым щыгъуэ дэ а псори щIэзэхущIэкIуэнур?

А псом я щIыIуэрапщи, иджыри къэс егъэджакIуэм и лэжьыгъэр кьызэрахутэ мардэ хэха яубзыхуакъым. 2012 гъэм и гъатхэпэ мазэм УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм япкъ иткIэ, ди улахуэхэр хъарзынэу хагъахьуат, ауэ иужькIэ хагъэщIыжащ. Сыт ар кьызыкэжыр? Абы и щхьэусыгъуэр зэхэхауэ ибобэр кьыздэсым кьыдуграгъэIуэфакъым.

ЕгъэджакIуэ щIалэхэр улахуэ мащIэм Iуимыгъэщтын папщIэ, улахуэр зэрыщэхалъхьэ щIыкIэр зэрыщыту хъужьын хуейщ. Псом япэрауэ, абыхэм кьалэжьам дыщIагъужьыр улахуэм и Iыхьэ нэхъыщхьэм хэгъэхъэн хуейщ. Абы кьищынэмыщIауэ, егъэджакIуэхэм я гукъыдэжыр якъутэ иджы яГъэува мардэщIэхэм. Псалъэм папщIэ, Федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ мардэхэм (ФГОС). Ар зи жэрдэмкIэ кьуажэ школхэм гъэзэщIа зэрыщыхьуну щIыкIэм егупсысауэ пIэрэ? Абы и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ предметымкIэ дерс лейхэр кьызэгъэпэщыныр. Дауэ а дерсхэм смениткIэ сабийхэр щеджэ школым зэрыщебгъэкIуэкIынур? Ди кьуажэм уэздыгъэу фIэлъыр Iэпэкlэ кьыпхуэжьынущ, сабийхэр школ нэужьым жэщ хъуэуэ унэм нэсыжу аращ. Язынныкъуэхэр махуэ кьэс километри 3 - 4-кIэ лъэсу кьокIуэри мэкIуэж.

Тхылъхэм я Iуэхури щхьэхуэщ. Къэралым ахэр пщIэнпшэу кьыдитыну жеIэ, тлъагъуэ нэгъуэщIщ. И нэхъыбапIэм ахэр зыхуохаха еджапIэхэм ялъэIэсыркъым. Куэдрэ кьытхуохуэ школ библиотекэм щIэлъ тхылъхэр Iэмальнпшэу кьыщыдгъэсэбэн, пэжщ ахэр программэм техуащэкъым, ауэ гъуэтыгъуэ драгъахуэ. Сабийр зэрылэжьэну тетрадьр, пособие щхьэхуэхэр кьэзыщэхун хуейр адэ-анэхэращ, ар кьуажэдэсым дежкIэ тыншкъым. Дауэ щымытми, дэ долажьэ, ди хэкур кьэрал зызымыужьахэм я бжыгъэм пщэдей хэмыхуэн, ди щIэблэм щIэныгъэ яГъуэтын папщIэ. Сыт хуэдизрэ дэ иджыри апхуэдэу дызэрекIуэкIыфынур? Ди яужь зыгуэр кьиувэну пIэрэ? А упщIэхэр зэкIэ жэуапыншэу кьонэ.

ШВЕЦ Владимир,
Ставрополь крайм хьыкъ Дзэлыкъуэ станицэм дэт курыт еджапIэм физикэмрэ информатикэмкIэ и егъэджакIуэ.
«АиФ»

● Польшэ

Польшэм и мурадщ цIыхум зэримыгъакIуэ къхъхьлъатэхэр къищэхуну. «Ахэр къздгъэсэбэпынущ Украинэм кьыщыхъуа къаугъэм ди щIынальэр пэIэщIэ тщIын папщIэ», - жиIащ къэралым зыхъумэжныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мрочек Чеслав.

Министрым и къуэдзэм апхуэдизу щигъужащ США-м Iэщэ щызыщI компаниехэм мы Iуэхум теухуауэ зэрепсалъэр.

Илъэс 25-рэ и пэкIэ Совет Союз псом и телевизорепльхэр итхьэхъуат нэхъапэм зи цIэр зэхамыха психотерапевтым: абы и Iуплъэгъуэм укъызэщIиIэтэрт. Зи гугъу тщIы Каширировский Анатолий хуэдизу цIэрыIуэ хъуа абы и пэкIи и ужькIи ди телеэкранхэм къихьакъым. Ноби аргуэру ар утыку итщ. Сыт щхьэкIэ? Сыт «Iэзэхэм», «тхьэгурымагъуэхэм» дэ къытхуащIэр? СыткIэ ахэр сэбэп къызэрытхуэхьур? А упщIэхэм я жэуапхэр дэ езы Каширировскэм и гъусэу къытлъыхьащ.

Абы ноби зыкъелъытэж цIыхуэхм сэбэп яхуэхъуу. Езым дэпльейуэ, ныкъуэкъуэгъу хуэхъуа псори лъэныкъуэ иригъэзыну хущIэкъу хуэдэщ, гъуэгур зэгуэр кьахуэзIуихами.

- Анатолий, уэ уи гъэсэн Iэзэхэр, уд зэмылIужьыгъуэкIэ кьущыкъуэкIар ди къэралым Iуэхуэкэр зэхэзэрыхьауэ щыщыта 90 гъэхэрщ. ИкIи ноби ахэр утыку итщ. Сыт щхьэкIэ?

- Абыхэм сэ зыкIи сахуумыгъадэ! Пэжщ, жыпIэ хъунущ а псори си бины, си кьуэрылъхуэрэ абыхэм кьалъхуажахэу. Ахэр сэ си лэжьыгъэкIэ кьэзгъэзэщащ 1988 - 1989 гъэхэм. ЗэрымыщIагъэкIэ кьэзгъэщIащ, иджы утыку схуигъэкIыжырхьым. Сэ зэзгъэхуплIахэр кьагъэсэбэпуро, абыхэм Iэмал зэмылIужьыгъуэхэр кьаГъуэтащ. Сэ зы псалъи жысIэну сыхуейтэкъым Лонго (ватон Iэмбакъуэм), Чумак, Джунэ сымэ, нэгъуэщI «экстрасенсхэм» ятеухуауэ. Си теленэтыкнэр мыхъуамэ, абыхэм ящыщу зыри кьыкъуэкIынутхьым. Арщхьэкlэ блэкIар блэкIащ. Лонго *(Лонго Юрий уду зыкъилытэжу щытащ* - **Ред.**), псалъэм папщIэ. Сытыт абы къригъэкIуэкIхэр? Мавзолейм Лениным и хьэдэр кьыщIэнтыну щыжиIэм, илъэс тхущI тельу ягъэтIысын хуеящ ар, хьэдэр зэригъэпудым папщIэ... Хэтыт абы кьигъэпцIынр? Мэл гуартэра? Чумак кьафщтэт. Ар сэ си щIэблэкъым, кьыздикIари сщIэркъым. ТелевизорхэмкIэ сыкъагъэпьагъуэу щыщIадза 1989 гъэм телевизионщикхэм си пIэкIэ эфирыр Чумак иратащ икIи абы ищIэртэкъым зэрызищIынур - и Iэхэр зэблишьрт, псалъэ жимыIэу энергие кьызыпкъригъэкI хуэдэу. Джунэ цIэрыIуэ хъуащ си ипэкIэ. Ауэ ар си бгьщIэр рекламэрщ: си фIэщ мэхъу абы Iэзэгъэу гуэри зэрыбгъэдэмылъыр. Пэжщ, и теплъэр зы тельыджэ гуэрщ. Сэ си лэжьыгъэм «экстрасенсхэм» кьапкърыкI «биоэнергие» гуэри хэпльагъэркъым.

- Арщхьэкlэ езы экстрасенсхэм жаIэ зыри къамыгъапщIэу, ахъшэ кьыщылажьир цIыхуэгъэ яГъэхъужа иужькIэу.

- Кьыскхуэгъэгъу! Экстрасенс дунейм теткъым! Зыми энергие кьыпкърыкIыркъым - ар зыми хуэзфIэкIынукъым. Мыр зэщхьщI Iэ ещанэ уи щхьэ щIыбымкIэ кьыщыфIэкIауэ я фIэщ щIыныбрщ. Аращи, экстрасенсхэм ятеухуа нэтынхэр гъэпцIагъэ зэфэзэщщ. Бурятием кIуаш апхуэдэ гуэр. Абы и деж уэрыщIыкIхьэ билетыр сом мини 4 и уасэщ. Сыт щхьэкIэ? Абы цIыкIуэхэм «стрессхэр» ящхьэщIэри. Iэзэхэм кьефыкIыр зы уэщ - ахэр мэшынэ цIыху кьызэрыгуэкIыжу зыкъагъэльэгъуэну. Токъэр, энергиер, хьэршым хуаIэ пыщIэныгъэр... Хьэршыр я гъунэгъу дыдэ хуэщ, уэрамым зэпрыкIмэ, нэсыну.

Ди насыпщи, мы зэманым Къэрал Думэм щыхоплъэ апхуэдэ напэтехыр щымыгъэIэным теухуа законым. Псоми кIэ яГъуэт хуэдэщ. Арщхьэкlэ, ахэр, тараканэм хуэдэу, гъуанэ псомкIи кьыдопщ. 1993 гъэм щыщIэкъуэхэщ цIыхубэ медицинэм теухуа хабзэ пхагъэкIыну. Сыт атIэ ар зищIысыр, уегупсысмэ? Си гугъу ящIыр удз хущхьэу зэмылIужьыгъэхэр ядэмэ, дэгъэщI. Ауэ «цIыхубэ медицинэр» щынагъэщ. ЦIыхубэм еинкIэ хъунущ уэрэдхэмрэ къафхэмрэ. Ауэ цIыхубэ гинекологие, цIыхубэ офтальмологие, цIыхубэ минералогие, нэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дохутыру щыпытну ухуеймэ, мединститут къэухи, лажьэ, уи Iуэху зезыгъэ. Арщхьэкlэ «ток кьызэуа иужь дохутыр сихъуащ» жыпIэнкIэ делагъэщ, Миклухо-Маклай и зэманым псэуахэм папщIэ кьагупсыса шыпсэщ. Дэри папуасхэм я пIэ драгъэувэну хущIокъу. А псори цIыхуэхэр зыгъэжакъуэ, абыхэм я акъылыр зыгъэутхъуэ «Iэзэхэщ». Сыт хуэдизи хьэгъэщагъэрэ фэрыщIыгъэрэ кьабгъэдэкIрэ абыхэм? Экстрасенс 300 кьызэти, сэ ахэр «сIIащIыфынущ» дакъикъи 3-кIэ!

- Арщхьэкlэ цIыхуэхэм я нэхъыбэм уэри экстрасенс-Iэзэгъуэзэхэм ухабжэ...

- Сэ сыIэзэгъуэзэкъым. Ар зэгъащIэ! Сэ атом зауэм сризэщIэгъэстакIыщ. Ауэ сэ а зауэр кьыщыгъгъэхъейр цIыхум и кIуэцIырщ икIи абы и сэбэп хэлъщ. Сэ Iэпкlэпкъым атомхэмрэ молекуллхэмрэ щызэжьыхьэгъуэрри, цIыхур узынщэ сощIыж. ТелевизоркIэ психотерапие зыщIыфащэ дунейм тетыр си закъуэщ. Илъэс 25-рэ дэкIащ абы пьандэрэ, аращхьэкlэ цIыхуэхэр иджыри кьыщIоупщIэ... 1989 гъэм сэ телеНэтыну хы езгъэкIуэкIын хуеяти, езгъэкIуэкIащ. ИтIанэ ТВ-м сыкъыIыкIащ. Сыт щхьэкlэ? Абы и жэуапым зэкIэ сыхуэхьэзырщым. Иджыри илъэс 25-рэ дэкIын хуейщ.

КОЖЕМЯКИН Владимир.
«Аргументы и факты»

НапэкIуэцIыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Утыку

Нэрылъагъу фIэщщIыгъуейхэр

Илъэс 25-рэ и пэкIэ Совет Союз псом и телевизорепльхэр итхьэхъуат нэхъапэм зи цIэр зэхамыха психотерапевтым: абы и Iуплъэгъуэм укъызэщIиIэтэрт. Зи гугъу тщIы Каширировский Анатолий хуэдизу цIэрыIуэ хъуа абы и пэкIи и ужькIи ди телеэкранхэм къихьакъым. Ноби аргуэру ар утыку итщ. Сыт щхьэкIэ? Сыт «Iэзэхэм», «тхьэгурымагъуэхэм» дэ къытхуащIэр? СыткIэ ахэр сэбэп къызэрытхуэхьур? А упщIэхэм я жэуапхэр дэ езы Каширировскэм и гъусэу къытлъыхьащ.

Абы ноби зыкъелъытэж цIыхуэхм сэбэп яхуэхъуу. Езым дэпльейуэ, ныкъуэкъуэгъу хуэхъуа псори лъэныкъуэ иригъэзыну хущIэкъу хуэдэщ, гъуэгур зэгуэр кьахуэзIуихами.

- Анатолий, уэ уи гъэсэн Iэзэхэр, уд зэмылIужьыгъуэкIэ кьущыкъуэкIар ди къэралым Iуэхуэкэр зэхэзэрыхьауэ щыщыта 90 гъэхэрщ. ИкIи ноби ахэр утыку итщ. Сыт щхьэкIэ?

- Абыхэм сэ зыкIи сахуумыгъадэ! Пэжщ, жыпIэ хъунущ а псори си бины, си кьуэрылъхуэрэ абыхэм кьалъхуажахэу. Ахэр сэ си лэжьыгъэкIэ кьэзгъэзэщащ 1988 - 1989 гъэхэм. ЗэрымыщIагъэкIэ кьэзгъэщIащ, иджы утыку схуигъэкIыжырхьым. Сэ зэзгъэхуплIахэр кьагъэсэбэпуро, абыхэм Iэмал зэмылIужьыгъуэхэр кьаГъуэтащ. Сэ зы псалъи жысIэну сыхуейтэкъым Лонго (ватон Iэмбакъуэм), Чумак, Джунэ сымэ, нэгъуэщI «экстрасенсхэм» ятеухуауэ. Си теленэтыкнэр мыхъуамэ, абыхэм ящыщу зыри кьыкъуэкIынутхьым. Арщхьэкlэ блэкIар блэкIащ. Лонго *(Лонго Юрий уду зыкъилытэжу щытащ* - **Ред.**), псалъэм папщIэ. Сытыт абы къригъэкIуэкIхэр? Мавзолейм Лениным и хьэдэр кьыщIэнтыну щыжиIэм, илъэс тхущI тельу ягъэтIысын хуеящ ар, хьэдэр зэригъэпудым папщIэ... Хэтыт абы кьигъэпцIынр? Мэл гуартэра? Чумак кьафщтэт. Ар сэ си щIэблэкъым, кьыздикIари сщIэркъым. ТелевизорхэмкIэ сыкъагъэпьагъуэу щыщIадза 1989 гъэм телевизионщикхэм си пIэкIэ эфирыр Чумак иратащ икIи абы ищIэртэкъым зэрызищIынур - и Iэхэр зэблишьрт, псалъэ жимыIэу энергие кьызыпкъригъэкI хуэдэу. Джунэ цIэрыIуэ хъуащ си ипэкIэ. Ауэ ар си бгьщIэр рекламэрщ: си фIэщ мэхъу абы Iэзэгъэу гуэри зэрыбгъэдэмылъыр. Пэжщ, и теплъэр зы тельыджэ гуэрщ. Сэ си лэжьыгъэм «экстрасенсхэм» кьапкърыкI «биоэнергие» гуэри хэпльагъэркъым.

- Арщхьэкlэ езы экстрасенсхэм жаIэ зыри къамыгъапщIэу, ахъшэ кьыщылажьир цIыхуэгъэ яГъэхъужа иужькIэу.

- Кьыскхуэгъэгъу! Экстрасенс дунейм теткъым! Зыми энергие кьыпкърыкIыркъым - ар зыми хуэзфIэкIынукъым. Мыр зэщхьщI Iэ ещанэ уи щхьэ щIыбымкIэ кьыщыфIэкIауэ я фIэщ щIыныбрщ. Аращи, экстрасенсхэм ятеухуа нэтынхэр гъэпцIагъэ зэфэзэщщ. Бурятием кIуаш апхуэдэ гуэр. Абы и деж уэрыщIыкIхьэ билетыр сом мини 4 и уасэщ. Сыт щхьэкIэ? Абы цIыкIуэхэм «стрессхэр» ящхьэщIэри. Iэзэхэм кьефыкIыр зы уэщ - ахэр мэшынэ цIыху кьызэрыгуэкIыжу зыкъагъэльэгъуэну. Токъэр, энергиер, хьэршым хуаIэ пыщIэныгъэр... Хьэршыр я гъунэгъу дыдэ хуэщ, уэрамым зэпрыкIмэ, нэсыну.

Ди насыпщи, мы зэманым Къэрал Думэм щыхоплъэ апхуэдэ напэтехыр щымыгъэIэным теухуа законым. Псоми кIэ яГъуэт хуэдэщ. Арщхьэкlэ, ахэр, тараканэм хуэдэу, гъуанэ псомкIи кьыдопщ. 1993 гъэм щыщIэкъуэхэщ цIыхубэ медицинэм теухуа хабзэ пхагъэкIыну. Сыт атIэ ар зищIысыр, уегупсысмэ? Си гугъу ящIыр удз хущхьэу зэмылIужьыгъэхэр ядэмэ, дэгъэщI. Ауэ «цIыхубэ медицинэр» щынагъэщ. ЦIыхубэм еинкIэ хъунущ уэрэдхэмрэ къафхэмрэ. Ауэ цIыхубэ гинекологие, цIыхубэ офтальмологие, цIыхубэ минералогие, нэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дохутыру щы

Вэрокъуэ Владимир, Игнатов Виктор, Атэбий Игорь сымэ.

Франджы журналистым Iуэху дахэ къыхелъхьэ

КъБР-м Щэнхабзэмкiэ и фондым журналистхэр щыIущIащ республикэм и хьэщIэ, «Европей афишэ»-р журналым и редактор нэхъыщхьэ Игнатов Виктор.

КъБР-м Щэнхабзэмкiэ и фондым и унафэщI, режиссер **Вэрокъуэ Владимир** журналистхэм яжриIащ ди хэкуэгу бзыльхугъэ къэфакIуэ, скульптор, актрисэ, сурэтыщI, тхакIуэ цIэрыIуэ Черинэ Людмилэ (ЩIэмырэз Моника) теухуа «КIыу закъуэ» фильмыр тхыхьну Франджым щыкIуам Игнатов Виктор цIыхугъэ къыдэрыхуэхъуар, куэдкIи къаэрыдзэжьпыкъуар.

Игнатовым жиIащ Черинэ Людмилэ теухуаэр Вэрокъуэ Владимир триха фильмыр хуабжьу игу зэрыдыхьар, ар бзэ зыбжанэкIэ зэрызэрадзэкIар, франджыбзэри хьихьэу. Абы къыхигъэщащ Налшык къыщIэкIуам щхьэусыгъуитI зэриIэр. Ялэр Вэрокъуэ Владимир фильмым папщIэ фIыщIэ хуищIын мурадырщ. Iтiуанэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, «Балкария» къэрал Iуэрыlуатэ-этнографие ансамблым, кьафэмрэ уэрэдымкIэ «Тэрч къэзакъэр» ансамблым я зэфIэкIхэр Франджым хэIущIыIу щиущIныщ.

- Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я гъащIэм кьыгуэхыпIэ имыIэу кьафэр хэтщ. Фи кьафэ гъуэзджэр апхуэдизкIэ дахэщ, удэзыхьэхщи, дунейм и дэнэ щIыпIи щалъагъун хуейщ, - жиIащ Игнатов Виктор.

Журналистхэр зыщIэупщIахэм Игнатовым хуэпсап щаритым кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм хабзэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм я мыхьэнэр куууэ зэрызыхащIэр, щIынальэм и цIыхухэр зэрызэхуэгуапэр, хьэщIым пщIэшхуэ зэрыхуащIыр, щIыуэпсым и дахагъымрэ и къуленагъымрэ телъыджэ зэрыщыхьуар.

Зэхьихьэм хэтащ «Кабардинка», «Тэрч къэзакъэр» ансамблхэмрэ абыхэм я художественнэ унафэщIхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ПсапащIэ Iуэху

Гугъэм и нур

Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм иджыблагъэ щыIэхэтащ гематологие, онкологие узыфэхэр зыпкърыт сабийхэм папщIэ «Гугъэм и нур» псапащIэ концерт. Ар къыдэгагъэпэщащ волонтёрхэм зэхаща «Уигъунэгъум дэIэпыкъуэ» республика сабий-щIалэгъуалэ жылагъуэ Iуэхущ-IапIэмрэ «Дэгъэупыкъым нэхърэ нэхъ лъагэу» псапащIэ фондымрэ. Iуэху щхьэпэр абыхэм даIыгъащ республикэм и унафэщI-хэми.

КОНЦЕРТЫР къыщыIэхьым псом япэу фIыщIэ хуащIащ сабий сымаджэхэм ядэIэпыкъун Iуэхум зи мылъку хэзылъхьа, абы зэман тезыгъэкIуэда, а цIыкIуэхэр узынщэ хъужу гъащIэ насыпыфIэм хуэплъэну гугъэ мащIэ езыта псоми. Концертым къагъэблэгъа езы сабийхэр къызэралъытэр лIыхъужьыт. Ныбжьыщхуэ зимыIэ цIыкIуэхэр лIыгъэ яхэлъу узыфэ хьэлъэм пэщIэтIэхэщ. Апхуэдэ къару къызыкъуэзыхьфа цIыкIуэхэми, утыкум ита артистхэм къакIэрымыхуу, Iэгуаузэщхуэ хуаIэтащ.

Пшыхьыр къыздэзыгъэпэщадзэми абы кърихьэлIахэми псалъэ гуапэкIэ зэрыгъэзэну, апхуэдэуи Iуэху щхьэпэм я мылъку халъхьэну къахуеблэгъат КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I Егоровэ Татьянэ, республикэм Печатымрэ цIыхубэ комуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и тхъэмадэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Дроздов Игорь, Iуэхущ IапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр.

- КъБР-м и Парламентым сытым дежи ядеIыгъ республикэм къыщрахьэжьэ псапащIэ Iуэхуэхэр, - жиIащ Егоровэ Татьянэ. - Абыхэм мыхьэнэшхуэ ягъэзащIэ - сабийхэм лIэ гугъуехьхэм къэрал, жылагъуэ Iуэхущ IапIэхэм гу зэрыльрагъэтэм кьащIынэмыщIауэ, дэIэпыкъэгъу хуэныкъуэм ар лъыгъэсынымкIэ сэбэныщхуэ мэхъу. Сабийхэм я узынщагъэмкIэ щыIэ гугъуехьхэр къызыфIэмыIуэху цIыху щыIэкъым. Сэ щэч кьытесхьэркъым дэ тщыщ дэтхэнэ зыми сабийхэм фIэщхъунигъэ, гугъэ, лъагъунигъэ тыгъэ зэрыхуищIыфынум. Мыпхуэдэ Iуэхуэхэм нэхъыбэрэ я жэрдэмщIакIуэр щIалэгъуалэрщ. Ар щыхьэт тохъуэ ди республикэм и цIыхухэм псэ къулей зэраIэм, цIыхугъэ лъагэ, гуапагъэ, гущIэгъу яхэлъу зэрыщытым. ФIы щIэным дыхуэвгъэлажьэ. Псалъэхьхэм ящыщ зым зэрыжIэщи, гуапагъэр - ар бзагуэхэр зэрыпсэлъэф, дэгухэм эхэх бзэщ. Ди сабийхэр узынщэу, насыпыфIэу къэхъуну дыхуеIущ, ар, дауи, дэтхэнэми и хъуэпсапIэщ.

А пщыхьэщхьэм сабийхэм гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ яхуэупсащ республикэм и уэрэджэIакIуэхэу Сокъур Ольгэ, Текуев Амур, Хъыжрокъуэ СултIан, ЦжIыл Азэмэт, Жаникаев Эльдар, ЩоджэнцIыкIу Аслъэн, Жабо Замирэ, Третьяк Татьянэ, Къармокъуэ Заур, Атэлыкъ Алим, Лафыщ Залинэ, КIыщхэ Исламрэ Каринэрэ, Мэремыкъуэ Резуан, пшыналъхэу Гуэнгъэпщ Артуррэ Жыгун Эдуардрэ, «Нал цIыкIу», «ШагъдиI» ансамблхэр, апхуэдэу Осетие Ищхъэрэ -Аланием къикIа хьэщIэхэу «Восток» бэрэбанауэ гупыр, Доналтов Тимур, Николь сымэ. Мы артист гупыр Республикэ клиникэ сымаджэщым онкологиемрэ гематологиемкIэ и къудамэм щIэлъ цIыкIуэхэм ныбжьыгъушхуэ яхуэхъуащ, ахэр сабийхэм щIэх-щIэхыурэ яхуоблагъэ, тыгъэ гуапэхэмкIэ зэрахуэпсэм къышынэмыщIауэ, дэтхэнэ зыми гупсэхуу епсэлъэну зэманыкъуагъуэт.

Узыфэ хьэлъэр зыпкърыт цIыкIуэхэм папщIэ а пщыхьэщхьэм сом мин 600-м щIигъу зэхуахьэсащ. Iуэху щхьэпэм и къизэгъэпэщакIуэхэр зэгугъэ псапащIэ концертым и фIыгъэкIэ лIыхъужь цIыкIуэхэм я гум гугъэм и нурыр зэи фагъуэ щымыхъуну.

ТХЬЭХУЩЫНЭЛанэ.

● Медицинэ

«IункIыбзэIухыу 5»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ медицинэ акцэ Налшык дэт курыт школ №31-м иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ дзэм щелэжь поликлиникэ №1-м и IэщIагъэлIхэм. Дзэ дохутырхэр яхуэзащ езанэ классым щеджэхэм икIи джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ цIыкIухэм къыгурагъэIуащ я дзэхэм зэрыкIэлъыплъым хуей щIыкIэхэр. КъБР-м Уэныгъэр ямыхьэнэшхуэ ягъэзащIэ - сабийхэм лIэ гугъуехьхэм къэрал, жылагъуэ Iуэхущ IапIэхэм гу зэрыльрагъэтэм къащIынэмыщIауэ, дэIэпыкъэгъу хуэныкъуэм ар лъыгъэсынымкIэ сэбэныщхуэ мэхъу. Сабийхэм я узынщагъэмкIэ щыIэ гугъуехьхэр къызыфIэмыIуэху цIыху щыIэкъым. Сэ щэч кьытесхьэркъым дэ тщыщ дэтхэнэ зыми сабийхэм фIэщхъунигъэ, гугъэ, лъагъунигъэ тыгъэ зэрыхуищIыфынум. Мыпхуэдэ Iуэхуэхэм нэхъыбэрэ я жэрдэмщIакIуэр щIалэгъуалэрщ. Ар щыхьэт тохъуэ ди республикэм и цIыхухэм псэ къулей зэраIэм, цIыхугъэ лъагэ, гуапагъэ, гущIэгъу яхэлъу зэрыщытым. ФIы щIэным дыхуэвгъэлажьэ. Псалъэхьхэм ящыщ зым зэрыжIэщи, гуапагъэр - ар бзагуэхэр зэрыпсэлъэф, дэгухэм эхэх бзэщ. Ди сабийхэр узынщэу, насыпыфIэу къэхъуну дыхуеIущ, ар, дауи, дэтхэнэми и хъуэпсапIэщ.

А пщыхьэщхьэм сабийхэм гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ яхуэупсащ республикэм и уэрэджэIакIуэхэу Сокъур Ольгэ, Текуев Амур, Хъыжрокъуэ СултIан, ЦжIыл Азэмэт, Жаникаев Эльдар, ЩоджэнцIыкIу Аслъэн, Жабо Замирэ, Третьяк Татьянэ, Къармокъуэ Заур, Атэлыкъ Алим, Лафыщ Залинэ, КIыщхэ Исламрэ Каринэрэ, Мэремыкъуэ Резуан, пшыналъхэу Гуэнгъэпщ Артуррэ Жыгун Эдуардрэ, «Нал цIыкIу», «ШагъдиI» ансамблхэр, апхуэдэу Осетие Ищхъэрэ -Аланием къикIа хьэщIэхэу «Восток» бэрэбанауэ гупыр, Доналтов Тимур, Николь сымэ. Мы артист гупыр Республикэ клиникэ сымаджэщым онкологиемрэ гематологиемкIэ и къудамэм щIэлъ цIыкIуэхэм ныбжьыгъушхуэ яхуэхъуащ, ахэр сабийхэм щIэх-щIэхыурэ яхуоблагъэ, тыгъэ гуапэхэмкIэ зэрахуэпсэм къышынэмыщIауэ, дэтхэнэ зыми гупсэхуу епсэлъэну зэманыкъуагъуэт.

Узыфэ хьэлъэр зыпкърыт цIыкIуэхэм папщIэ а пщыхьэщхьэм сом мин 600-м щIигъу зэхуахьэсащ. Iуэху щхьэпэм и къизэгъэпэщакIуэхэр зэрыгъэ псапащIэ концертым и фIыгъэкIэ лIыхъужь цIыкIуэхэм я гум гугъэм и нурыр зэи фагъуэ щымыхъуну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Медицинэ

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ медицинэ акцэ Налшык дэт курыт школ №31-м иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ дзэм щелэжь поликлиникэ №1-м и IэщIагъэлIхэм. Дзэ дохутырхэр яхуэзащ езанэ классым щеджэхэм икIи джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ цIыкIухэм къыгурагъэIуащ я дзэхэм зэрыкIэлъыплъым хуей щIыкIэхэр. КъБР-м Уэныгъэр ямыхьэнэшхуэ ягъэзащIэ - сабийхэм лIэ гугъуехьхэм къэрал, жылагъуэ Iуэхущ IапIэхэм хъыбар къызырыдигъэщIамкIэ, Iуэхум хэта дэтхэнэ сабийми дохутырхэм къабгъэдэкI тыгъэ цIыкIуэхэр хуащIащ: дзэхэр зэралъэщI пIастэрэ щёткэрэ.

Стоматологие поликлиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ **Шэрыб Мурат** зэрыжиIэмкIэ, а акцэр ящыщщ Iуэхущ IапIэм и Iэщ IагъэлI ныбжьыщIэхэм а школым илъэс етIуанэ хуауэ щрагъэкIуэкI профилактикэ лэжьыгъэхэм.

- Дэ дызыхущIэкъур сабийхэр я узынщагъэм набдзэгубдзапIъэу кIэлъыплIыжу едгъэсэныщ, - къыхегъэщ Шэрыбым. - Ди жагъуэ зэрыхъущи, сабийхэм я нэхъыбапIэр щыгъуазэкъым дзэхэм зэрыкIэлъыплIым хуей хабзэ къызэрыгуфIыкIыр. Адэ-анэхэми яхэтщ а Iэхуум хуэфащэ гулъытэ хуэзымыщIхэр. Абы къыхэкIыу класс курытхэм щеджэхэм яхэтщ зи дзэ щхьэлэр гъуанэ хуауэхэр. Къохуу илъэс 15 фIэкIа зи мыныбжь школакIуэхэм дзэ IэрыщIхэр щахуIудгъэуви.

Дохутырхэр зыдэлажьэхэр сабийхэм я закъуэкъым, атIэ абыхэм я адэ-анэхэри акцэхэм къыхахьэ. Апхуэдэу Iуэхум жыджэру хэтщ школым и егъэджакIуэхэри, псом хуэмыдэу физкультурэр езыгъэджэхэр. КъищынэмыщIауэ, зи дзэм сэкъат иIэу къалъыта сабийхэм еIэзащ стоматологэр, чэнджэщ щхьэпэхэри ираташ. Гъэ ешэгъуэщIэри апхуэдэ Iуэху дахэкIэ щадзащ дзэ дохутырхэм. Абы дяпэкIи пащэну я мурадщ.

КъАРДЭН Маритэ.

● Футбол

Пашэхэм я махуэтэкъым

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм хьихьэ гупитIми бэнэныгъэр щыгъащIэщ. Абыхэм япэ увыпIихьыр къыщыIэзыхьэр, езыхэр щыIэздэджэгуам къахьа очко бжыгъэр къаухуэнэжу, гъэ къакIуэ зэхагъэхьэжьнуръ япэ дивизионым щIэбэныщ.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫР» зыхэт етIуанэ гупым мэрем кIуам щекIуэкIа джэгуГъуэм ди щIалэхэр хэтакъым. Абы щыгъуэми бжыыпэр зыIыгъыу налшыкдэсхэм япэ къута командэхэр кьыхагъэщIащ. Апхуэдэу Ставрополь и «Динамо ГТС»-р Нэрэн къалэм щыпэщIэтыфакъым щIыпIэ «Ангушт»-м. Хэгъэрейхэр 1:0-у текIуаэу зэIущIэр ихащ. Апхуэдэ дыдэ бжыгъэкIэ я стадионым къыщыхьэщIащ зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ «Таганрог»-р. Абы ефIэкIащ Псыхуабэ икIа «Мэшыкъуэ-КМВ»-р.

Зэхьэзэхуэм иужь дыдэ увыпIэм щыщыт «Астрахань»-м хуабжьу хигъэзыхьащ Новочеркасск икIа МИТОС-р. Зэ1у-щIэм и кIыхьагъкIэ щыхагъащIэурэ екIуэкIа хьэщIэхэм зы очко къащыхуеГъэлар кIэух дакъикъэхэращ - 2:2.

ДжэгуГъуэ ехэн хъуауэ зыри кьызытемыкIуэф «Анжи-2»-р Мэхъэчкъалэ щыIэу Волгоград и «Ротор»-м ефIэкIащ. Зэ1ущIэр 1:0-у и иухащ.

Владикавказ щекIуэкIащ «Алания»-мрэ «Тэрч-2»-мрэ я зэIущIэр. Ар хэгъэрейхэм я текIуэныгъэкIэ 2:1-уэ иухащ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм и япэ гупым бжьыпэр щиIыгъщ Краснодар крайм и «Iэфыпс» командэм. Абы кIэщIу кьыкIэлъокIуэ Армавир и «Торпедо»-р, Крымск и «Витязь»-р, Новороссийск и «Черноморец»-р. Мейкьуапэ и «Дружба»-р зэкIэ еханэщ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» нобэ, щэкIуэгъуэм и 6-м, иригъэкIуэкIынущ. Ди щIалэхэр Грознэ къалэм «Тэрч-2»-м щыIущIэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. 2 гуп

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Динамо-ГТС»	13	7	4	2	17-9	25
2. «Таганрог»	13	6	5	2	14-7	23
3. МИТОС	12	5	5	2	17-8	20
4. «Спартак-Налшык»	12	5	4	3	20-10	19
5. «Ротор»	13	5	3	5	18-17	18
6. «Мэшыкъуэ-КМВ»	12	5	3	4	14-15	18
7. «Ангушт»	13	5	3	5	10-16	18
8. «Анжи-2»	14	4	5	5	10-14	14
9. «Алания»	12	3	3	6	13-21	12
10. «Тэрч-2»	13	2	5	6	7-12	11
11. «Астрахань»	13	2	2	9	12-23	8

Мы мазэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ И ЕТIУАНЭ ДИВИЗИОНЫМ И «ИПЩЭ» ГУП

ЕпщыкIуханэ джэгуГъуэ

ЩэкIуэгъуэм и 6
(махуэку)
«Тэрч-2» (Грозный) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Динамо ГТС» (Ставрополь) - «Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ)
«Ротор» (Волгоград) - «Алания» (Владикавказ)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Ангушт» (Нэзрэн)
МИТОС (Новочеркасск) - «Таганрог» (Таганрог)

Яп джэгуГъуэ
(ягъэIэпэхъуауэ щытащ)

ЩэкIуэгъуэм и 9
(тхъэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Таганрог»
«Алания» - «Ангушт»
«Тэрч-2» - «Астрахань» (Астрахань)
«Ротор» - МИТОС
«Динамо ГТС» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

ЕпщыкIубланэ джэгуГъуэ

ЩэкIуэгъуэм и 12
(бэрэжьей)
«Спартак-Налшык» - «Ротор»
«Анжи-2» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Алания» - «Динамо ГТС»
«Ангушт» - МИТОС
«Таганрог» - «Астрахань»

ЕпщыкIуиянэ джэгуГъуэ

ЩэкIуэгъуэм и 18
(гъубж)
«Динамо ГТС» - «Спартак-Налшык»
МИТОС - «Анжи-2»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Алания»
«Ротор» - «Тэрч-2»
«Астрахань» - «Ангушт»

ЕпщыкIубгъуанэ джэгуГъуэ

ЩэкIуэгъуэм и 24
(бльщхьэ)
«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Анжи-2» - «Астрахань»
«Алания» - МИТОС
«Тэрч-2» - «Динамо ГТС»
«Ангушт» - «Таганрог»

● ТхылъыщIэ

Нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ

Налшык дэт «Тетраграф» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдагъэкIащ «Азбукэ. Нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ» зыфIаща тхылъыщIэр. Ар зи Iэдакъэщ IэкIыр зи лэжьыгъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт. Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Хъурей - Дзыгъур Лусенэщ.

АДЫГЭ алыфбейр сабийхэм нэхъ тыншу, гъэщIэгъуэну зрагъэщIэн щхьэкIэ, Хъурейм тхылъыр щIэщыгъуэу зэхиухуэнащ. Хьэрф къэскIэ хуэкIуэу удэзыхьэх сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр къыхихащ, адыгэ макъэхэр тэмэму къэпсэлъыным сэбэн хуэхъу псынщIэрыпсалъэхэмкIи щIэгъэбыдащ.

Лусенэ сабийхэм адыгэ Iуэху елIыкIэ яIэным, хэкупсэу, лъэпкъыпсэу ахэр къагъэхуным кьыхуриджэ щIыкIэу, и тхылъым къыщIэкъ псалъэжьэр. «Чы щIыкIэ кьыумыгъэшар, бжэгъу хьумэ кьыпхуэгъэшьжьнукъым», - жиIащ пасэрейм. Пэж дыдэуи, сабийхэм псынщIэу яIэхуэта яжеIэмрэ яльагъумрэ. Абы къыхэкIыу псалъэжьхэм сабийр хуагъасэ пэжым, фIым, губзыгъагъэм, Iущыгъэм, нэгъуэщI куэдми.

Тхылъым ущрохьэлIэ ди усакIуэхэу АфIэунэ Лиуан, Нало Заур, Къагъырмэс Борис, Щоджэн Леонид, Иуан Бубэ, Къажэр Пётр, Мэз Iениуар, Хьэщыкъуэл Олег сымэ я сабий усэхэми. Абыхэм гу лъыуагъатэ псалъэхэр къызэрыбгъэIурыщIэ хъунум, макъэр зэкIуу зэрыIум, бзэм и дахагъымрэ и къуленагъымрэ зыхуэдизым.

Тхылъым уфыхьэуриджэр уи бзэкIэ упсэлъэфын къудейм и мызакъуэу, абыкIэ икIи уригупсысэнырщ. Апхуэдэ Iэмал ящыгъ кьуажэхьэмэ: цIыкIухэм къащIэн хуей псалъэр ядж макъымкIэ кьыщIидзэурэ щыту.

Сабийхэм псом нэхърэ нэхъ яфIэфIыр джэгунырщ. Щэч хэлъкъым тхылъым къыщыхьа адыгэ джэгукIэхэр абыхэм ягу зэрыдыхьэнум, бзэм зэрыдрагъэхьэхунум.

И лэжьыгъэр кьехъулIауэ убж хъунущ Хьурейм. Тхылъыр дунейм кьызэрытехьэрэ куэд мыщIами, ар зыхуэгъэпса адэ-анэхэми сабийхэми я гум дохьэ, егъэджакIуэхэми гъэсакIуэхэми я Iуэхур нэхъ тынш икIи щIэщыгъуэ щащI. Сабийхэм алыфбейребгащIэкIэрэ, ахэр хубогъасэ адыгагъэм, губзыгъагъэм.

Хьурей Люсенэ и Iэдакъэщ IэкI щыхьэпэм папщIэ иджыблагъэ кьыхуагъэфэщащ Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм кьыбгъэдэкI щытхъу тхылъ.

Ди гуапэ зэрыхьунщи, сабийхэм адыгэ алыфбейр ящIэн папщIэ, адыгэбзэкIэ кьыдагъэкIащ тхылъ щхьэпэ куэд. Хьурейм и Iэдакъэщ IэкIри нэхъыфIхэм яхьубжэ хъунущ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Къазбэч и фэеплъ

«ЩIэин» тхыдэ-щэнхабзэ центрым хъыбар фегъащIэ ди лъэпкъ лIыхъужь Щэрэлокъуэ (Дыгъужьыкъуэ) Къазбэч и фэеплъыр ухуэн зэрыщIадзэмкIэ. Фэеплъыр щагъэувынущ Адыгэ Республикэм хыхьэ Тэхъутэмыкъуей районым щыщ Афырсепи жылэм. Ар жэзым къыхэощIыкIауэ щытынущ.

УХУЭНЫГЪЭР ящIынущ зэхуахьэс мылькуКIэ. Зи лъэпкъыр фIыуэ зыльагъу, тхыдэм, ди адэжьхэм я гъуэгуанэм пщIэ хуэзыщI дэтхэнэри Щэрэлокъуэ (Дыгъужьыкъуэ) Къазбэч и фэеплъыр ухуэным хэлIыфIыхьыну фрагъэблагъэ.

«ЩIэин» фондым и адресыр: 385140, Адыгэ Республикэ, Тэхъутэмыкъуей район, Яблоновский жылэ, Космическэ уэрам, 88, 3-нэ корпус, 6-нэ пэш.

ИНН: 0107980151 КПП: 010701001
Р/счёт:
40703810501000013033
«Новация» Iуэхущ IапIэм и къудамэу Энем жылагъуэм дэтым
К/счёт:
30101810900000000719
БИК: 047900719

● ХъыбарегъащIэ

Инджылызыбзэр зэвгъащIэ!

Бжьыхьэ мазэхэм лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щIэтIысхьэнуэр фокIадэм (сентябрым) и 22-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр илъэси 8 - 14, илъэс 15 - 18, илъэс 18 - 21-рэ хъуэхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщынущ.

ЕджапIэм кьекIуалIэхэр бжьыхьэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэлъэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур илъэс 30-кIэ США-м егъэджакIуэу щыIащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщIэхэрщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хьэгъэщагъэр къызэпауд

«Ящэ е езыхэр зэлажьых щэ литрым (килограммым) трагъэкIуадэм щыщ Iыхьэ мэкъумэш IэнатIэхэм хухалъхьажьнь папщIэ, федеральнэ бюджетымкIэ КъБР-м и республикэ бюджетымрэ я хьакъкIэ субсидиехэр зэрат щIыкIэм и Iуэхуэ1э» 2014 гъэм накъыгъэм и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствам къыдигъэкIа Унафэ №95-ПП-р Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм зэрыщагъэзащIэр республикэм и прокуратурэм къыщиущащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКIэ, субсидиеу сом мелуанитIым щIигъу зыIэрагъэхьэныр я гуращэу, «Осетие Ищхъэрэ» къалэ гъэш завод» ЗАО-м япэ мазищым шэ ираща хуэдэу республикэм и мэкъумэш-фермер Iуэхущ IапIитIми, предприятэм и унафэщIым и Iэр зыщIэлъ, и мыхъурыр зытет тхылъ нэпцIхэр зэрагъэпэщри, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм ираташ. Хьэгъэщагъэр къызэпаудын мурадкIэ, республикэм и прокуратурэм министерствэм тхылъкIэ хуиIуэхуащ а мэкъумэш IэнатIэхэм субсидие хухах зэрымыхъунур.

Къэпщытэныгъэм кърикIуахэр следствэмкIэ Iуэхущ IапIэхэм ираташ. Абыхэм зэхуэдиз, УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэмрэ 159.2-нэ статьям и 3-нэ IыхьэмкIэ зэхуэдизу ирашэлIэн папщIэ, КъБР-м щыIэ МВД-м Следствэмкlэ и къудамэм мэкъумэшщIэ-фермер хозяйствэхэм я унафэщIитIми яхуэгъэзауэ уголовнэ Iуэху къызэIуихащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ IэпыджэЗамирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэжа редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэнымрэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ IапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я нэжагъмкIэ аэр зыгъакъэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущIэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр зэхуэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерхэр газетым и тепIэгъэ ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Мариан-нэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2135